Что ты делаешь завтра?	Кхана хІу[н] деш ву хьо? (м)	кха:н хІу[н] диэш ву хьуо
Что ты собираешься делать?	Хьо хІу[н] да[н] йоллу?(ж)	хьуо хІу[н] да[н] йуол:
	Хьо хІу[н] да[н] воллу? (м)	хьуо хІу[н] да[н] вуол:
Ты уходишь (улетаешь, уезжаешь)?	Хьо дІавоьду? (м)	хьуо дІавоь:д
	Хьо дІайоьду? (ж)	хьуо дІайоь:д
Как тебя зовут?	Хьа[н] цІе хІу[н] ю?	хьа[н] цІе хІу[н] йу
Ты устал?	КІадвеллий хьо?	кІадвел:и: хьуо
Ты устала?	КІадъеллий хьо?	кІадйел:и: хьуо
Вы устали? (мн. ч)	КІадделлий шу?	кІад:ел:и: шу
Какой размер ты носишь?	ХІу[н] размер лелайо ахьа?	хІу[н] размер лиэ:лйуо ахь
Когда мне прийти?	Маца вола со? (м)	мац вуо:л суо
	Маца йола со? (ж)	мац йуо:л суо
Когда нам прийти?	Маца дуьйла тхо?	мац дуь:л тхуо
Почему ты не приходишь?	ХІунда ца вогІу хьо? (м)	хІунд ца во:гІ хьуо
Почему ты не пришла?	Хьо хІунда ца еара? (ж)	хьуо хІунд ца йеар
Зачем ты это сделал(а)?	И хІунда дира ахьа?	и хІунд дир ахь
Сколько тебе лет?	Хьа[н] мас шо ду?	хьа[н] мас шуо ду
Сколько стоит билет?	Билетах хІу[н] доьху?	биле:тах хІу[н] доь:х

Ты откуда?	Хьо мичара ву (ю)?	хьуо мичар ву (йу)
Как вот это называется?	ХIокхунах хIу^{н} олу?	хIокхнах хIу^{н} о:л
Который час?	Мас даьлла?	мас даьл:а
По какой причине?	ХIу^{н} бахьана долуш?	хIу^{н} бахьан долш
С какой целью?	ХIу^{н} Iалашо йолуш?	хIу^{н} Iа:лшуо: йолш
Мало / Много	КIезиг / Дукха	кIезг / дукх
Один / Несколько	Цхьаъ / Масех	цхьаэ / масиэх
Достаточно (хватит)	Тоьар ду	тоьар ду
Слишком	Сов, тIех	сов тIиэх

МЕСТОНАХОЖДЕНИЕ — МЕТТИГ БИЛГАЛЪЯР — [мет:кбилгалйар]

Где?	Стенгахь? Мичахь?	стиэнгахь мичахь
Куда?	Стенга? Мича?	стиэнг мич
Откуда?	Стенгара? Мичара?	стиэнгар мичар
Где ты была?	Стенгахь яра хьо?	стиэнгахь йар хьуо
Где ты был?	Стенгахь вара хьо?	стиэнгахь вар хьуо
Где он?	Мичахь ву и?	мичахь ву и
Здесь	Кхузахь	кхузахь
Там	Цигахь	цигахь
Снаружи (на улице)	Арахь	а:рахь
Внутри (дома, в комнате)	Чохь	чуохь
Далеко	Генахь	ге:нахь
Близко. Рядом	Уллохь. Юххехь	ул:уохь йух:иэхь
Вверху	Лакхахь	лакхахь
Внизу	Лахахь	лахахь
Вон там	ДIогахь	дIо:гахь
Впереди	Хьалха(хь)	хьалха: (хь)
Сзади	ТIехьа(хь)	тIиэ:хьа: (хь)
В другом месте	Кхечанхьа(хь)	кхэ:чанхьа: (хь)
Везде	Массанхьа а	мас:анхьа:э
Нигде	Цхьаннахьа а	цхьан:хьа:э
Справа (с правой стороны)	Аьтту агIор	аьт:у а:гIуор
Слева (с левой стороны)	Аьрру агIор	аьр:у а:гIуор
Через дорогу (по ту сторону дороги)	Некъал дехьа	ниэ:къал диэ:хьа:

По эту сторону дороги	Некъал сехьа	ниэ:къал сиэ:хьа:
Напротив цирка	Циркана дуьхьал	цыркан дуьхьал
Я была…	Со … яра	суо … йар
— в школе	— ишколехь	ишкуо:лиэхь
— на работе	— балхахь	балхахь
— в магазине	— туьканахь	туькнахь
— в театре	— театрехь	тиатриэхь
— в университете	— университетехь	унивирстетиэхь
— в библиотеке	— библиотекехь	библиатекиэхь
— дома (внутри)	— чохь	чуохь
— у подруги	— доттагI йолчохь	дуот:агI йолчуохь
— у врача	— лор волчохь	луор волчуохь
— на свадьбе	— ловзаргахь	ловзаргахь
Я правильно иду?	Со нийса воьдий? (м)	суо ни:с воь:ди:
Театр в этой стороне?	Театар хIокху агIор юй?	тиатар хIокх а:гIуор йуй
Нет, ты должен пойти в другую сторону	ХIа^{н}-хIа^{н}, хьо вукху агIор ваха веза	хIа:^{н}хIа^{н} хьуо ву:кх а:гIуор вах виэ:з
Куда ты ходил?	Хьо стенга ваханера?	хьуо стиэнг вахниэ:р
Куда ты ходила?	Хьо стенга яханера?	хьуо стиэнг йахниэ:р
Куда они идут?	Уьш стенга боьлху?	уьш стиэнг боьлх
Я ходила …	Со … яханера	суо … йахниэ:р
— в город	— гIала	гIа:л
— в театр	— театре	тиатриэ:
— в школу	— ишколе	ишкуо:лиэ:
— на работу	— балха	балх
— в гости	— хьошалгIа	хьо:шалгI
— к подруге	— доттагI йолчу	дуот:агI йолч
— к матери	— нана йолчу	на:н йолч
— в магазин	— туькана	туькан
— в университет	— университете	унивирстетиэ:
— на свадьбу	— ловзарга	ловзарг
Я иду купаться	Со лийча йоьду (ж)	суо ли:ч йоь:д
Я еду в Москву	Со Москва воьду (м)	суо масква воь:д
Я еду в Чишки	Со ЧIишка воьду (м)	суо чIишк воь:д
Ты никуда не пойдешь (не поедешь)	Хьо цхьаннахьа а гIур яц (ж)	хьуо цхьан:хьа:э гIу:р йац

Куда вы ходили? (мн. ч)	Шу стенга даханера?	шу стиэнг дахниэ:р
Мы были в кафе	Тхо кафе чохь дара	тхуо кафэ чуохь дар
Ты откуда идешь?	Хьо стенгара вогIу? (м)	хьуо стиэнгар во:гI
	Хьо стенгара йогIу?(ж)	хьуо стиэнгар йо:гI
Вы откуда идете? (мн. ч)	Шу стенгара догIу?	шу стиэнгар до:гI
Мы идем …	Тхо … догIу	тхуо … до:гI
— из школы	— ишколера	ишкуо:лиэ:р
— от друзей	— доттагIий болчуьра	дуот:гIи: болчуьр
— из театра	— театрера	тиатриэ:р
— из университета	— университетера	университетиэ:р
Я иду …	Со … вогIу (м)	суо … во:гI
— с работы	— балхара	балхар
— из дома	— цIера	цIе:р
— из города	— гIалара	гIа:лар
— с концерта	— концертера	канцэртиэ:р
— от гостей	— хьошалгIара	хьо:шалгIар
— со свадьбы	— ловзаргара	ловзаргар
— из магазина	— туьканара	туькнар
— из офиса	— офисера	о:фисиэ:р
Я иду с рынка (базара)	Со базарара йогIу (ж)	суо ба:зрар йо:гI
Рынок далеко отсюда?	Базар кхузара генахь юй?	ба:зар кхузар ге:нахь йуй
Недалеко. Рядом	Генахь яц. Уллохь ю	ге:нахь йац ул:уохь йу
Ты из дома идешь?	Хьо цIера вогIуш ву? (м)	хьуо цIе:р во:гIш ву
Ты дома была?	Хьо цIахь яра?	хьуо цIахь йар
Иди сюда	Схьавола (м)	схьавуо:л
	Схьайола (ж)	схьайуо:л
Садись	Охьахаа	уохьхаэ
Идите сюда (мн.ч)	Схьадуьйла	схьадуь:л
Садитесь (мн.ч)	Охьаховша	уохьховш
Встань, пожалуйста	ХьалагIаттахьа	хьалгIат:ахь
Вставайте (мн.ч)	ХьалагIовтта	хьалгIовт:
Поднимайся (наверх)	Хьалавала (м)	хьалва:л
	Хьалаяла (ж)	хьалйа:л
Поднимайтесь (наверх) (мн.ч)	Хьаладовла	хьалдовл
Я спускаюсь(на лифте)	Со охьавоьду (м)	суо уохьвоь:д
	Со охьайоьду (ж)	суо уохьйоь:д

Ты выходишь? (из транспорта)	Хьо охьавуссуш вуй? (м)	хьуо уохьвус:ш вуй
Слезай . Выходи	Охьайосса. Араяла (ж)	уохьйуос: а:рйа:л
	Охьавосса. Аравала (м)	уохьвуос: а:рва:л
Выходите (слезайте) (мн.ч)	Охьадисса. Арадовла	уохьдис: а:рдовл
Мы приехали, выходите	Вай схьакхаьчна, охьадисса	вай схьакхаьчна уохьдис:
Заходи (входи)	Чувола (м)	чувуо:л
	Чуйола (ж)	чуйуо:л
Заходите (входите) (мн.ч)	Чудуьйла	чудуь:л
Выходи	Аравала (м)	а:рва:л
	Араяла (ж)	а:рйа:л
Выходите (мн.ч)	Арадовла	а:рдовл
Я ухожу	Со дIавоьду (м)	суо дIавоь:д
	Со дIайоьду (ж)	суо дIайоь:д
Мы уходим	Тхо дIадоьлх	тхуо дIадоьлх
Я не ухожу	Со дIа ца воьду	суо дIа ца воь:д
Никто не уходит	Цхьа а ца воьду дIа	цхьа:э ца воь:д дIа
Положи, пожалуйста, торт на …	Торт … тIе йиллахьа	торт … тIе йил:ахь
— стол	— стол	стуол
— стул	— гIанта	гIант
— окно	— кора	куо:р
На … нет места	… тIехь меттиг яц	… тIиэхь мет:кйац
— столе	Стол —	стуол
— стуле	ГIанта —	гIант
— окне	Кора —	куо:р
Убери, пожалуйста, сумку …	… тIера тIоьрмиг дIабаккхахьа	… тIиэ:р тIоьрмг дIабакх:ахь
— со стула	ГIанта —	гIант
— с окна	Кора —	куо:р
— с кровати	Маьнги —	маьнги
Я бросила соль в …	Аса … чу туьха тесира	ас … чу туьх тесир
— воду	— хи	хы
— ведро	— ведар	виэ:дар
— таз	— теса	те:с

— бочку	— черми	чиэрми
В … есть рыба?	… чохь чIерий дуй?	… чуохь чIе:ри: дуй
— Сунже	Соьлжи —	соьлжи
— ведре	Ведар —	виэ:дар
— бочке	Черми —	чиэрми
Он взял карандаш из …	Цо … чуьра къолам схьаийцира	Цуо: … чуьр къо:лам схьаи:цир
— сумки	— тIоьрмиг	тIоьрмг
— коробки	— гIутакх	гIуткх
— шкафа	— ишкап	ишкап
Ахмед свои туфли положил (поставил) под …	Ахьмада ше[и] мачаш … кIел хIиттийра	ахьмад шиэ:[и] ма:чш … кIел хIит:и:р
— кровать	— маьнги	маьнги
— стол	— стол	стуол
— стул	— гIанта	гIант
Туфли Ахмеда под …	Ахьмада[и] мачаш … кIелахь ю	ахьмад ма:чш … кIелахь йу
— столом	— стол	стуол
— стулом	— гIанта	гIант
— кроватью	— маьнги	маьнги
Давайте куда-нибудь пойдем?	Цхьанхьа гIой вай?	цхьанхьа: гIуой вай
Где мы встречаемся?	Вовшах мичахь кхета вай?	вовшах мичахь кхиэ:т вай
Перед университетом	Университетана хьалха	унивирсте:тан хьалха:
Рядом с театром	Театрана уллохь	тиатран ул:уохь
За цирком	Циркана тIехьа	цыркан тIиэ:хьа:
Везде побывать мы не успеем	Массанхьа а даха кхуьур дац вай	мас:анхьа:э дах кхуьур дац вай
Стой здесь, никуда не уходи!	Кхузахь латталахь, дIаса ма ялалахь! (ж)	кхузахь лат:лахь дIас ма йа:л:ахь
	Кхузахь латталахь, дIаса ма валалахь! (м)	кхузахь лат:лахь дIас ма ва:л:ахь

Стойте здесь, никуда не расходитесь! (мн.ч)	Кхузахь латталаш, дIаса ма довлалаш!	кхузахь лат:лаш дIас ма довл:аш
После обеда	Делкъал тIаьхьа	диэлкъал тIаьхь
Ради тебя	Хьа[и] дуьхьа	хьа[и] дуьхь
Из-за (по причине) тебя	Хьо бахьанехь	хьуо бахьниэхь
С каких пор?	Маца дуьйна?	мац дуь:н
До каких пор?	Маццалц?	мац:алц
До вечера	Сарралц	сар:алц
С другом	ДоттагIчуьнца	дуот:агIчуьнц
У двери	НеIрехь	ниэIриэхь
В саду	Бешахь	биэ:шахь
Около университета	Университетана уллохь	унивирсте:тан ул:уохь

КАЛЕНДАРЬ. ВРЕМЯ

БЕТТАНАШ. ДЕНОШ. ХАН

[бет:наш диэ:нуош. хан]

Месяцы	**Беттанаш**	**бет:наш**
январь	январь (январь бутт бу)	йанварь бут бу
февраль	февраль (февраль бутт бу)	фивраль бут бу
март	март	март
апрель	апрель	апрель
май	май	май
июнь	июнь	ийунь
июль	июль	ийуль
август	август	август
сентябрь	сентябрь	синтябрь
октябрь	октябрь	актябрь
ноябрь	ноябрь	наябрь
декабрь	декабрь	дикабрь
В январе (месяце)	Январехь (январь баттахь)	йанвариэхь (йанварь бат:ахь)
В августе (месяце)	Августехь (август баттахь)	августиэхь (август бат:ахь)
В прошлом месяце	Баханчу баттахь	баханч бат:ахь

В следующем месяце	ТIебогIучу баттахь	тIебо:гIч бат:ахь
До мая	Май тIекхачале	май тIекха:члиэ:
До середины марта	Март юккъе баххалц	март йукъ:иэ: бах:алц
К концу ноября	Ноябрь чекхболуш	наябрь чиэкхбо:лш
С начала октября	Октябрь болалуш	актябрь буо:л:уш
Когда закончится сентябрь	Сентябрь чекхбаьлча	синтябрь чиэкхбаьлч

Неделя. День	**КIира. Де**	**[кIир де]**
Воскресенье	КIиранде	кIиранде
Понедельник	Оршот (оршот де)	уоршуот (де)
Вторник	Шинара (шинари^{н} де)	шинар (шинри^{н} де)
Среда	Кхаара (кхаари^{н} де)	кхаар (кхаэри^{н} де)
Четверг	Еара (еари^{н} де)	йеар (йеэри^{н} де)
Пятница	ПIераска (пIераскан де)	пIе:рск (пIе:рскан де)
Суббота	Шот (шоьта^{н} де)	шуот (шоь:та^{н} де)
Свободный день	Мукъа де	мукъ де
Какой сегодня день?	Тахана муьлха де ду?	тахан муьлх де ду
Сегодня понедельник	Тахана оршот де ду	тахан уоршуот де ду
Вчера было воскресенье	Селхана кIиранде дара	сиэлхан кIиранде дар
Завтра будет вторник	Кхана шинари^{н} де хир ду	кха:н шинари^{н} де хыр ду
Послезавтра среда	Лама кхаара ду	лам кхаар ду
Через два дня — четверг	Ула еара ду	ула йеар ду
Сегодня днем	Тахана	тахан
Сегодня вечером	Тховса	тховс
Вчера днем	Селхана	сиэлхан
Вчера вечером	Сийсара	си:сар
Позавчера	Стомара	сто:мар
Ежедневно	Денна	диэн:
Каждый день	ХIор дийнахь	хIо:р ди:нахь
Целый день (до вечера)	Дийнахь сарралц	ди:нахь сар:алц

Днем	Дийнахь	ди:нахь
9 дней	Исс дийнахь	ис ди:нахь
Утром	Іуьйранна	Іуь:ран:
С утра	Іуьйран дуьйна	Іуь:ран дуь:н
В обед	Делкъехь, делкъанна	делкъиэхь делкъан:
Вечером	Сарахь, суьйранна	сарахь суь:ран:
До наступления обеда	Делкъа^{н} хан хилале	делкъ хан хыл:иэ:
До самого обеда	Делккъалц	делкъ:алц
До наступления вечера	Сарале	сарлиэ:
До самого вечера	Сарралц	сар:алц
С вечера	Сарахь дуьйна	сарахь дуь:н
Ночью	Буса, буьйсанна	бус буь:сан:
До рассвета (всю ночь)	Буса сахиллалц	бус сахил:алц
На рассвете	Сахуьлуш, сатосуш	сахуьлш сатосш
Я ждал(а) тебя до (самого) обеда	Со делккъалц Іийра хьоьга хьоьжуш	суо делкъ:алц Іи:р хьоь:г хьоь:жш
Он вышел до рассвета	Сахилале араваьлла и	сахил:иэ: а:рваьл:а и
Мы уезжаем ночью	Тхо буьйсанна дІадоьлху	тхуо буь:сан: дІадоь:лх
Я … его не видел(а)	Суна и газа …	су:н и газ …
— месяц	— бутт бу	бут бу
— год	— шо ду	шуо ду
— неделю	— кІира ду	кІир ду
Я был(а) там …	Со … Іийра цигахь	суо … Іи:р цигахь
— неделю	— кІиранах	кІирнах
— месяц	— баттахь	бат:ахь
— год	— шарахь	шарахь
Я провел у него два дня	Аса ши де даькххира и волчохь	ас ши де даькх:ир и волчуохь
Сегодня праздник	Тахана дезаде ду	тахан дезде ду
Я приеду в этом году	Кхушарахь йогIур ю со (ж)	кхушарахь йо:гIур йу суо
В этом году	Кхушара, кхушарахь	кхушар кхушарахь
С этого года (начиная)	Кхушара дуьйна	кхушар дуь:н
В следующем году	Юхашара, юхашарахь	йухшар йухшарахь
Со следующего года	Юхашара дуьйна	йухшар дуь:н
В прошлом году	Стохка	стуохк
С прошлого года	Стохка дуьйна	стуохк дуь:н
В позапрошлом году	Лурчах	лурчх

Времена года.Время	**Шера^{н} хенаш.Хан**	**[шер хе:нш хан]**
Зима. Зимой	Іа. Іай	Іа Іай
Весна. Весной	БІаьсте. БІаьста	бІаьстиэ: бІаьст
Лето. Летом	Аьхке. Аьхка	аьхкиэ: аьхк
Осень. Осенью	Гуьйре. Гурахь	гуь:риэ: гурахь
До наступления осени	Гурале, гурралц	гурлиэ: гур:алц
В этом году я не смогу приехать	Кхушара са^{н} йогІийла хир дац (ж)	кхушар са^{н} йо:гІи:л хьыр дац
	Кхушара са^{н} вогІийла хир дац (м)	кхушар са^{н} во:гІи:л хьыр дац
В этом году мы не сможем приехать	Кхушара тха^{н} догІийла хир дац	кхушар тха^{н} до:гІи:л хьыр дац
Раньше	Хьалха	хьалх
Еще рано	ХІинца а хьалхе ду	хІинцаэ хьалхиэ:ду
Позже (попозже)	ТІаьхьа	тІаьхь
Теперь (сейчас) поздно	ХІинца тІаьхьа ду	хІинц тІаьхь ду
Попозже поговорим	ТІаьхьа дуьйцур ду вай	тІаьхь дуь:цур ду вай
Потом	ТІаккха	тІакх:
Потом будет поздно	ТІаккха тІаьхьа хир ду	тІакх: тІаьхь хир ду
Иногда	Наггахь	наг:ахь
Изредка	Наг-наггахь	наг-наг:ахь
Иногда	Цкъацкъа	цІкъацІкъ
Никогда (ни разу)	Цкъа а, цкъеллиг цкъа	цІкъа:э цІкъэл:иг цІкъа
Скоро	Кеста	кест
Часто	Кест-кеста	кест-кест
Всегда	Гуттар	гут:ар
Навсегда	Гуттаренна	гут:риэн:
Постоянно	Даима, даиманна	да:им да:иман:
Когда-нибудь	Мацца а	мац:аэ
Недавно	Дукха хан йоцщуш	дукх хан йоц:ш
Увидимся через …	… гур ду вай	… гур ду вай
— два дня	Ши де даьлча —	ши де даьлч
— месяц	Бутт баьлча —	бут: баьлч
— неделю	КІира даьлча —	кІир даьлч

— год	Шо даьлча —	шуо даьлч
— час	Сахьт даьлча —	сахьт даьлч
Когда ты его(ее) видел(а)?	Маца гира хьуна и?	мац гир хьу:н и
Я его (ее) видел(а) вчера	Суна и сийсара гира	су:н и си:сар гир
Я каждый день прихожу	Со хІор дийнахь вогІу (м)	суо хІо:р ди:нахь во:гІ
	Со хІор дийнахь йогІу (ж)	суо хІо:р ди:нахь йо:гІ
Мы каждый день приходим	Тхо хІор дийнахь догІу	тхуо хІо:р ди:нахь до:гІ
Когда он приходил?	Маца веънера и?	мац веэниэ:р и
На этой неделе ничего (дело) не получится	ХІокху кІирнах гІуллакх хир дац	хІокх кІирнах гІулкх хир дац
Ты рано пришла	Хьо хьалхе еъна	хьуо хьалхиэ: йеэна
Ты поздно пришел	Хьо тІаьхьа веъна	хьуо тІаьхь веэна
Ты пришел вовремя	Ше^{н} хеннахь веъна хьо	шиэ:^{н} хен:ахь веэна хьуо
Уже поздно, я пойду	Вайна хан яьлла, со дІайоьду (ж)	вайн хан йаьл:а суо дІайоь:д
Ночь длинная, посиди, пожалуйста, еще немного	Буьйса еха ю, кхи^{н} а жимма Іехьа	буь:с йе:х йу кхы^{н} э жим: Іиэ:хь
С давних пор (времени)	Дукха хенахь дуьйна	дукх хе:нахь дуь:н
Я давно хотела поехать на море	Дукха хенахь дуьйна хІорд тІе яха лууш яра со (ж)	дукх хе:нахь дуь:н хІуорд тІе йах луэш йар суо
Что сейчас будем делать?	ХІинца хІу^{н} до вай?	хІинц хІу^{н} дуо вай
Сегодня рабочий день	Тахана белха^{н} де ду	тахан белх де ду
Завтра у меня свободный день	Кхана са^{н} мукъа де ду	кха:н са^{н} мукъ де ду
Когда?	Маца?	мац
На днях	ХІокху деношкахь	хІокх диэ:нуошкахь
Секунда	Сиконд ю	сикуонд йу
Минута	Минот ю	минуот йу
Час	Сахьт ду	сахьт ду
Полчаса	Ах сахьт ду	ахсахьт ду
День	Де ду	де ду
Неделя	КІира ду	кІир ду
Месяц	Бутт бу	бут бу
Год	Шо ду	шуо ду
Полгода	Ах шо ду	ахшуо ду
Сто лет	БІе шо ду	бІэ: шуо ду

Какое сегодня число?	Тахана муьлха терахь ду?	тахан муьлх терахь ду
Десятое	УьтталгIа	уьт:алгI
Год?	Шо?	Шуо
2004-й	Ши эзар доьалгIа	ши эзар доьалгI

Часы. Время	**Сахьт. Хан**	**[сахьт хан]**
Твои часы работают?	Хьа^{н} сахьт болх беш дуй?	хьа^{н} сахьт буолх биэш дуй
Который час?	Мас сахьт даьлла?	мас сахьт даьл:а
Семь часов	ВорхI сахьт даьлла	вуорхI сахьт даьл:а
Ты завел(а) часы?	Ахьа сахьт дуьйлирий?	ахь сахьт дуь:лири:
Завел(а). Не завел(а)	Дуьйлира. Ца дуьйлира	дуь:лир ца дуь:лир
5 минут девятого	УьссалгIачух пхи минот яьлла	уьс:алгIчух пхи минуот йаьл:а
Половина третьего	КхоалгIачух ах даьлла	кхуоалгIчух ах даьл:а
Без 15 минут четыре	Пхийтта минот яьлча, диъ долу	пхи:т: минуот йаьлч диэ до:л
Ровно два	Нисса шиъ даьлла	нис: шиэ даьл:а
Скоро пять	Пхиъ долуш ду	пхиэ до:лш ду
Без 10 минут час	Сахьт дала итт минот йисна	сахьт да:л ит минуот йисна
Не опаздывай!	ТIаьхьа ма йисалахь (ж)	тIаьхь ма йислахь
	ТIаьхьа ма висалахь (м)	тIаьхь ма вислахь
У меня только 20 минут	Са^{н} ткъа минот бе^{н} хан яц	са^{н} тIкъа минуот биэ:^{н} хан йац
У меня нет времени, я ухожу	Са^{н} хан яц, со дIавоьду (м)	са^{н} хан йац суо дIавоь:д
Сколько времени?	Мел хан яьлла вайна?	миэл хан йаьл:а вайн
12 часов	Вайна шийтта сахьт даьлла	вайн ши:т: сахьт даьл:а
У меня мало времени	Са^{н} хан кIезиг ю	са^{н} хан кIезг йу
У меня много времени, я свободен	Со мукъа ву, са^{н} шортта хан ю	суо мукъ ву са^{н} шуорт: хан йу
Еще рано, только 6 часов	ХIинца а хьалхе ду, ялх сахьт бе^{н} ца даьлла	хIинцаэ хьалхиэ: ду йалх сахьт биэ:^{н} ца даьл:а

Уже поздно	ХIинца тIаьхьа ду	хIинц тIаьхь ду
Ты давно здесь?	Хьо кхузахь волу дукха хан юй? (м)	хьуо кхузахь вол дукх хан йуй
	Хьо кхузахь йолу дукха хан юй? (ж)	хьуо кхузахь йол дукх хан йуй
Вы давно здесь? (мн.ч)	Шу кхузахь долу дукха хан юй?	шу кхузахь дол дукх хан йуй
Они давно здесь?	Уьш кхузахь болу дукха хан юй?	уьш кхузахь бол дукх хан йуй
Два часа	Ши сахьт ду	ши сахьт ду
Когда ты пришла?	Хьо маца еъна? (ж)	хьуо мац йеэна
За час до тебя	Хьол цхьа сахьт хьалха	хьуол цхьа сахьт хьалх
Я давно пришла	Со еана дукха хан ю	суо йеан дукх хан йу
Недавно	Дукха хан йоццуш	дукх хан йоц:ш
Когда вы прибыли? (мн.ч)	Схьа маца кхаьчна шу?	схьа мац кхаьчна шу
Вчера в семь часов вечера	Сийсара ворхI сахьт даьлча	си:сар вуорхI сахьт даьлч
А когда думаете уезжать? (мн.ч)	ДIадаха мана дагахь ду шу?	дIадах мац дагахь ду шу
11-го августа	ЦхьайтталгIачу августехь	цхьайт:алгIч августиэхь
Во сколько?	Мас даьлча?	мас даьлч
Ночью в 3 часа 15 минут	Буьйсанна кхо сахьт пхийтта минот яьлча	буь:сан: кхуо сахьт пхи:т: минуот йаьлч
В час я приеду, чтобы отвезти вас (мн.ч)	Сахьт даьлча, со шу дIадига вогIур ву(м)	сахьт даьлч суо шу дIадиг во:гIур ву
Разве не рано в час?	Сахьт даьлча, хьалхе дац?	сахьт даьлч хьалхиэ: дац
Дорога длинная, на нее придется потратить 40 минут	Некъ беха бу, цунна шовзткъа минот яйа езар ю	ниэкъ бе:х бу цун: шовзтIкъ минуот йайэ йиэ:зар йу
Я буду готова через полчаса	Ах сахьт даьлча, со кийча хир ю	ахсахьт даьлч суо ки:ч хыр йу
А сейчас сколько?	Ткъа хIинца мас даьлла?	тIкъа хIинц мас даьл:а
Мои часы …	Са^{н} сахьт …	са^{н} сахьт …
— спешат	— хьалхадуьйлуш ду	хьалхдуь:лш ду

— отстают	— тІаьхьадуьсуш ду	тІаьхьдуьсш ду
На моих часах без шести минут девять	Са" сахьта тІехь исс дала пхи минот йисна	са" сахьт тІиэхь ис да:л пхи минуот йисна
8.35 — восемь тридцать пять	БархІ сахьттий, ткъе пхийтта миноттий	бархІ сахьт:и: тІкъэ: пхи:т: минуот:и:
Без двадцати пяти девять	Исс дала ткъе пхи минот йисна	ис да:л тІкъэ: пхи минуот йисна
Тридцать пять минут девятого	УьссалгІачух ткъе пхийтта минот яьлла	уьс:алгІчух тІкъэ: пхи:т: минуот йаьл:а
9.30 — половина десятого (полдесятого)	УьтталгІачух ах даьлла	уьт:алгІчух ах даьл:а
11.55 — без пяти двенадцать	Пхи минот яьлча, шийтта долу	пхи минуот йаьлч ши:т: до:л
	Шийтта дала пхи минот йисна	ши:т: да:л пхи минуот йисна
Когда встречаемся?	Вовшах маца кхета вай?	вовшах мац кхиэ:т вай
В час	Сахьт даьлча	сахьт даьлч
Без 20 минут 2 часа	Шиъ дала ткъа минот йисна	шиэ да:л тІкъа минуот йисна
	Ткъа минот яьлча, шиъ долу	тІкъа минуот йаьлч шиэ до:л
Когда самолет?	Кема маца ду?	киэ:м мац ду
Через два часа	Ши сахьт даьлча	ши сахьт даьлч
Я буду ждать тебя с двух до трех	Шиъ даьлча кхоъ даллалц, хьоьга хьоьжур ву со (м)	шиэ даьлч кхуоэ дал:алц хьоь:г хьоь:жур ву суо
Разбуди меня, пожалуйста, утром в 6 часов, у меня в 9 самолет	Со Іуьйранна ялх даьлча самаяккхалахь, са" исс даьлча кема ду (ж)	суо Іуь:ран: йалх даьлч самйакх:лахь са" ис даьлч киэ:м ду
Мои часы хорошо ходят	Са" сахьт дика лела	са" сахьт дик лиэ:л

ПОГОДА — ХЕНА" ХІОТТАМ — [хе:н хІуот:ам]

Как на улице?	Арахь муха ю?	а:рахь му:х йу
Холодно	Шийла ю	ши:л йу

Жарко (тепло)	Йовха ю	йовх йу
Туман	Дохк ду	дуохк ду
Идет дождь	ДогІа догІу	догІ до:гІ
Моросит	Дерз ду	диэрз ду
Может быть, будет дождь	ДогІа да" мега	догІ да:" мег
Пасмурно	Кхоьлина ю	кхоь:лин йу
Выглянуло солнце	Малх хьаьжна	малх хьаьжна
Идет снег	Ло догІу	луо: до:гІ
Ветренно (ветер)	Мох бу	муох бу
Поднялся ветер	Мох баьлла	муох баьл:а
Скользко	Шера ю	ше:р йу
Сыро	ТІуьна ю	тІуьн йу
Дует западный ветер	Малхбузера мох бу хьоькхуш	малхбузиэ:р муох бу хьоь:кхш
С юга движутся черные тучи	Къилбехьара Іаьржа мархаш ю схьаоьхуш	къилбиэ:хьа:р Іаьрж мархш йу схьаоьхш
Восток	Малхбале	малхба:лиэ:
Запад	Малхбузе	малхбузиэ:
Юг	Къилбе	къилбиэ:
Север	Къилбседа	къиблсиэ:д
Сегодня будет прекрасный день!	Тахана хаза де хир ду!	тахан хаз де хир ду
Какой прекрасный сегодня день!	Ма хаза де ду тахана!	ма хаз де ду тахан
Возможно, пойдет дождь	ДогІа да" там бу!	догІ да:" там бу
Сказали, что завтра пойдет снег	Кхана ло догІур ду, аьлла	кха:н луо до:гІур ду аьл:а
Небо чистое	Стигал цІена ю	стигал цІен йу
Облаков нет	Мархаш яц	мархш йац
Какой ужасный день сегодня!	Ма ирча де ду тахана!	ма ирч де ду тахан
Дует сильный ветер!	ЧІогІа мох хьоькху!	чІо:гІ муох хьоь:кх
Гром гремит, сверкает молния	Стигал къекъа, стелахаьштиг етта	стигал къиэ:къ стиэ:лхаьштк йиэт:
Снег тает	Ло дешаш ду	луо: деш: ду
На дороге скользко, будьте осторожны	Новкъахь шера ю, ларлуш хила!	новкъахь ше:р йу ларлуш хыл

У вас зимой холодно?(мн.ч.)	Іай шийла хуьлий шу долчохь?	Іай ши:л хуьли: шу долчуохь
У вас летом жарко? (мн.ч.)	Аьхка йовха хуьлий шу долчохь?	аьхк йовх хуьли: шу долчуохь
Зимой снег бывает?	Іай ло хуьлий?	Іай луо: хуьли:
Когда выпадает снег?	Ло маца дуьллу?	луо: мац дуьл:
Как ты переносишь холод?	Шело муха лов ахьа?	шиэ:луо: му:х лов ахь
Ты плохо переносишь жару?	Йовхо во" лов ахьа?	йовхуо: вуо:" лов ахь
Дождь льет как из ведра	Ведар чуьра санна охьадогІуш догІа ду	виэ:дар чуьр сан: уохьдо:гІш догІ ду
Идет проливной дождь	Кхоьвссина догІуш догІа ду	кхоьвс:ин до:гІш догІ ду
Вчера целый день шел дождь	Селхана дийнахь сарралц догІа деара	сиэлхан ди:нахь сар:алц догІ деар
На улице похолодало	Арахь шелъелла	а:рахь шиэлйел:а
В комнате жарко (тепло)	Чохь йовха ю	чуохь йовх йу

МЕСТОИМЕНИЯ — ЦІЕРМЕТДЕШНАШ — [цІермет:дешнаш[

Личные местоимения — Яххьий" цІерметдешнаш — [йахь:и:" цІермет:дешнаш]

Я	Со	суо
Ты	Хьо	хьуо
Он, она, оно	И (иза)	и (из)
Мы	Тхо (без собеседника)	тхуо
	Вай (с собеседником)	вай
Вы	Шу	шу
Они	Уьш	уьш
Я иду на вокзал	**Со** вокзале воьду (м)	суо вагза:лиэ: воь:д
	Со вокзале йоьду (ж)	суо вагза:лиэ: йоь:д
Где моя сумка?	**Са"**тІоьрмиг мичахь бу?	са" тІоьрмг мичахьбу
У меня нет денег	**Са"** ахча дац	са" ахч дац
Мне нужны деньги	**Суна** ахча оьшу	су:н ахч оь:ш
Я купил на завтра билет	**Аса** кханенна билет эцна	ас кха:ниэн: билет эцна
Кто с тобой?	Хьоьца мила ву?	хьоь:ц мил ву
Со мной брат	**Соьца** ваша ву	соь:ц ваш ву

Мне кто-нибудь звонил?	**Соьга** цхьаммо а телефон туьйхирий?	соь:г цхьам:уо:э тилифуон туь:хири:
Скажи ему, чтобы он встретился со мной	**Сох** кхета алахьа цуьнга	суох кхиэ:т а:лахь цуьнг
Он впереди меня	И **сол** хьалха ву	и суол хьалх ву
Он старше меня	И **сол** воккха ву	и суол вокх: ву
Она младше его	И **цул** жима ю	и цул жим йу

Притяжательные местоимения — ТІеозора" цІерметдешнаш — [тІеуо:зуо:р цІермет:дешнаш]

мой	1	са"	2 сайниг	са"	сайниг
твой		хьа"	хьайниг	хьа"	хьайниг
его, её		цуьна"	цуьнниг	цуьн	цуьн:иг
наш		тха", вай"	тхайниг	тха",	тхайниг,
			вайниг	вай"	вайниг
ваш		шу"	шуьниг	шу"	шуьниг
их		цера"	цераниг	це:р	це:рниг

1-ая форма притяжательных местоимений употребляется только с существительными, а 2-ая и 3-ья формы — самостоятельно, без существительных

мои	3	сайнаш	сайнш
твои		хьайнаш	хьайнш
его, её		цуьннаш	цуьн:ш
наши		тхайнаш, вайнаш	тхайнш вайнш
ваши		шуьнаш	шуьнш
их		церанаш	це:рнш
Где наши сумки?		Вай" тІоьрмигаш мичахь ду?	вай" тІоьрмгш мичахь ду
Моя здесь, твоя на стуле стоит, а свои они унесли		Сайниг кхузахь бу, хьайниг гІанта тІехь лаьтташ бу, ткъа шайнаш цара дІадихьина	сайниг кхузахь бу хьайниг гІант тІиэхь лаьт:ш бу тІкъа шайнш ца:р дІадихьна

ЧИСЛИТЕЛЬНЫЕ	ТЕРАХЬДЕШНАШ	[терахьдешнаш]
Количественные числительные	**Масалли" терахьдешнаш**	**[масал:и" терахьдешнаш]**
Сколько?	**Мас? Мел?**	**[мас миэл]**
один	цхьаъ	цхьаэ
два	шиъ	шиэ
три	кхоъ	кхуоэ
четыре	диъ (виъ, йиъ, биъ)	диэ (виэ йиэ биэ)
пять	пхиъ	пхиэ
шесть	ялх	йалх
семь	ворхI	вуорхI
восемь	бархI	бархI
девять	исс	ис
десять	итт	ит
одиннадцать	цхьайтта	цхьайт:
двенадцать	шийтта	ши:т:
тринадцать	кхойтта	кхуойт:
четырнадцать	дейтта (вейтта, ейтта, бейтта)	дейт: (вейт: йейт: бейт:)
пятнадцать	пхийтта	пхи:т:
шестнадцать	ялхитта	йалхит:
семнадцать	вуьрхIитта	вуьрхIит:
восемнадцать	берхIитта	берхIит:
девятнадцать	ткъайоьссина	тIкъайоьс:ин
двадцать	**ткъа**	тIкъа
двадцать один	ткъе цхьаъ	тIкъэ: цхьаэ
тридцать	ткъе итт	тIкъэ: ит
тридцать один	ткъе цхьайтта	тIкъэ: цхьайт:
тридцать два	ткъе шийтта	тIкъэ: ши:т:
тридцать три	ткъе кхойтта	тIкъэ: кхуойт:
тридцать четыре	ткъе дейтта	тIкъэ: дейт:

тридцать пять	ткъе пхийтта	тIкъэ: пхи:т:
тридцать шесть	ткъе ялхитта	тIкъэ: йалхит:
тридцать семь	ткъе вуьрхIитта	тIкъэ: вуьрхIит:
тридцать восемь	ткъе берхIитта	тIкъэ: берхIит:
тридцать девять	ткъе ткъайоьссина	тIкъэ: тIкъайоьс:ин
сорок	**шовзткъа**	шовзтIкъ
сорок два	шовзткъе шиъ	шовзтIкъэ: шиэ
пятьдесят	шовзткъе итт	шовзтIкъэ: ит:
пятьдесят три	шовзткъе кхойтта	шовзтIкъэ: кхуойт:
шестьдесят	**кхузткъа**	кху:зтIкъ
шестьдесят четыре	кхузткъе диъ (виъ, йиъ, биъ)	кху:зтIкъэ:диэ, (виэ, йиэ, биэ)
семьдесят	кхузткъе итт	кху:зтIкъэ: ит:
семьдесят пять	кхузткъе пхийтта	кху:зтIкъэ: пхи:т:
восемьдесят	**доьзткъа** (воьзткъа, йоьзткъа, боьзткъа)	доьзтIкъ (воьзтIкъ йоьзтIкъ боьзтIкъ)
восемьдесят два	доьзткъе шиъ	доьзтIкъэ: шиэ
девяносто	доьзткъе итт	доьзтIкъэ: ит
сто	**бIе**	бIэ:
сто один	бIе цхьаъ	бIэ: цхьаэ
сто десять	бIе итт	бIэ: ит
сто двадцать	бIе ткъа	бIэ: тIкъа
сто тридцать	бIе ткъе итт	бIэ: тIкъэ: ит
сто тридцать семь	бIе ткъе вуьрхIитта	бIэ: тIкъэ: вуьрхIит:
двести	ши бIе	ши бIэ:
триста	кхо бIе	кхуо бIэ:
четыреста	диъ бIе	диэ бIэ:
пятьсот	пхи бIе	пхи бIэ:
тысяча	**эзар**	эзар
две тысячи	ши эзар	ши эзар
восемь тысяч	бархI эзар	бархI эзар
десять тысяч	итт эзар	ит эзар
тринадцать тысяч	кхойтта эзар	кхуойт: эзар
двадцать пять тысяч	ткъе пхи эзар	тIкъэ: пхи эзар
сорок тысяч	шовзткъа эзар	шовзтIкъ эзар
сто тысяч	бIе эзар	бIэ: эзар
сто шестьдесят тысяч	бIе кхузткъа эзар	бIэ: кхузтIкъ эзар

триста семьдесят шесть	кхо бIе кхузткъе	кхуо бIэ кхузтIкъэ:
тысяч	ялхитта эзар	йалхит: эзар
миллион	мильон	мильон

Порядковые числительные	**РогIалли" терахьдешнаш**	**[рогIал:и" терахьдешнаш]**
Который?	**МосалгIа?**	**мосалгI**
первый	хьалхара	хьалхар
второй	шолгIа	шолгI
третий	кхоалгIа	кхуоалгI
четвертый	доьалгIа	доьалгI
пятый	пхоьалгIа	пхоьалгI
шестой	йолхалгIа	йуолхалгI
седьмой	ворхIалгIа	вуорхIалгI
восьмой	борхIалгIа	буорхIалгI
девятый	уьссалгIа	уьс:алгI
десятый	уьтталгIа	уьт:алгI
одиннадцатый	цхьайтталгIа	цхьайт:алгI
двенадцатый	шуьйтталгIа	шуь:т:алгI
тринадцатый	кхойтталгIа	кхуойт:алгI
четырнадцатый	доьйтталгIа	доьйт:алгI
пятнадцатый	пхуьйтталгIа	пхуь:т:алгI
шестнадцатый	йолхуьйтталгIа	йуолхуь:т:алгI
семнадцатый	вуьрхIитталгIа	вуьрхIит:алгI
восемнадцатый	берхIитталгIа	берхIит:алгI
девятнадцатый	ткъайоьссналгIа	тIкъайоьс:налгI
двадцатый	ткъолгIа	тIкъуолгI
двадцать первый	ткъе хьалхара	тIкъэ: хьалхар
тридцатый	ткъе уьтталгIа	тIкъэ: уьт:алгI
тридцать первый	ткъе цхьайтталгIа	тIкъэ: цхьайт:алгI
сороковой	**шовзткъалгIа**	шовзтIкъалгI
сорок второй	шовзткъе шолгIа	шовзтIкъэ: шолгI
пятидесятый	шовзткъе уьтталгIа	шовзтIкъэ: уьт:алгI
пятьдесят третий	шовзткъе кхойтталгIа	шовзтIкъэ: кхуойт:алгI
шестидесятый	**кхузткъалгIа**	кхузтIкъалгI
шестьдесят четвертый	кхузткъе доьалгIа	кхузтIкъэ: доьалгI
семидесятый	кхузткъе уьтталгIа	кхузтIкъэ: уьт:алгI

семьдесят пятый	кхузткъе пхуьйтталгIа	кхузтIкъэ: пхуь:т:алгI
восьмидесятый	**доьзткъалгIа**	доьзтIкъалгI
восемьдесят шестой	доьзткъе йолхалгIа	доьзтIкъэ: йуолхалгI
девяностый	доьзткъе уьтталгIа	доьзтIкъэ: уьт:алгI
девяносто седьмой	доьзткъе вуьрхIитталгIа	доьзтIкъэ: вуьрхIит:алгI
сотый	бIолгIа	бIуолгI
Сколько раз?	**Мосазза?**	**мосаз:**
два раза, дважды	шозза	шоз:
три раза, трижды	кхузза	кхуз:
четыре раза, четырежды	доьазза	доьаз:
пять раз	пхоьазза	пхоьаз:
шесть раз	йолхазза	йуолхаз:
семь раз	ворхIазза	вуорхIаз:
восемь раз	борхIазза	буорхIаз:
девять раз	уьссазза	уьс:аз:
десять раз	уьттазза	уьт:аз:
сто раз	бIозза	бIуоз:

Деньги	**Ахча ду**	**[ахч ду]**
1 рубль	цхьа **сом** (сом) ду	цхьа суом ду
2 рубля	ши сом	ши суом
3 рубля	кхо сом	кхуо суом
4 рубля	**диъ** сом	диэ суом
5 рублей	пхи сом	пхи суом
6 рублей	ялх сом	йалх суом
7 рублей	ворхI сом	вуорхI суом
8 рублей	бархI сом	бархI суом
9 рублей	исс сом	ис суом
10 рублей	**туьма**	туьм
11 рублей	цхьайтта сом	цхьайт: суом
12 рублей	шийтта сом	ши:т: суом
16 рублей	ялхитта сом	йалхит: суом
(2×10) 20 рублей	**ши туьма**	ши туьм
(2×10+1) 21 рубль	ши туьман цхьа сом	ши туьман цхьа суом
(2×10+9) 29 рублей	ши туьман исс сом	ши туьман ис суом
(3×10) 30 рублей	**кхо туьма**	кхуо туьм

(3×10+1)	31 рубль	кхо туьман цхьа сом	кхуо туьман цхьа суом
(3×10+7)	37 рублей	кхо туьман ворхI сом	кхуо туьман вуорхI суом
(4×10)	40 рублей	**диъ туьма**	диэ туьм
(10×10)	100 рублей	**итт туьма**	ит туьм
(15×10)	150 рублей	**пхийтта туьма**	пхи:т: туьм
(20×10)	200 рублей	**ткъа туьма**	тIкъа туьм
(60×10)	600 рублей	**кхузткъа туьма**	кхузтIкъ туьм
(80+10)×10)	900 рублей	**доьзткъе итт туьма**	доьзтIкъэ: ит туьм
(100×10)	1000 рублей	**бIе туьма**	бIэ: туьм
(526×10)	5260 рублей	**пхи бIе ткъе ялх туьма**	пхи бIэ:тIкъэ: йалх туьм
(1000×10)	10000 рублей	**эзар туьма**	эзар туьм
(9000×10)	90000 рублей	**исс эзар туьма**	ис эзар туьм
	5 копеек	цхьа **шай** (шай)	цхьа шай
(2×5)	10 копеек	ши шай	ши шай
(3×5)	15 копеек	кхо шай	кхуо шай
	20 копеек	**эппаз**	эп:аз
(5×5)	25 копеек	пхи шай	пхи шай
(7×5)	35 копеек	ворхI шай	вуорхI шай
(9×5)	45 копеек	исс шай	ис шай
пол рубля	50 копеек	**ах сом**	ах суом

ПРИЛАГАТЕЛЬНЫЕ БИЛГАЛДЕШНАШ [билгалдешнаш]

Цвет	**Бос бу**	**[буос бу]**
красный	цIе"	цIиэ:"
краснее огня	цIарула-цIе"	цIару:л цIиэ:"
синий	сийна	си:н
синее синьки	лилула-сийна	лилу:л си:н
желтый	можа	мо:ж
желтее желтка	бурула-можа	буру:л мо:ж
зеленый	баьццара	баьц:ар
зеленее лужайки	байл-баьццара	Байл баьц:ар
белый	кIай"	кIай"
белее молока	шурула-кIай"	шуру:л кIай"
черный	Iаьржа	Iаьрж
чернее угля	кIарула-Iаьржа	кIару:л Iаьрж

темно-коричневый	ал	ал
коричневый	боьмаша	боь:мш
серый	сира	сир
серебристый	дети" басахь	дети" басахь
золотистый	деши" басахь	деши" басахь
светлый	сирла	сирл
темный, темно-синий	таьIна, таьIна-сийна	таьIн таьIнси:н
одноцветный	цхьа бос болуш	цхьа буос болш
пестрый	къорза	къуорз
разноцветный	тайп-тайпана беснаш долуш (бес-бесара)	тайп-тайпан беснаш долш (бес-бесар)
темно-серый	мокха	мо:кх

Качество	**Мухалла**	**[му:хал:]**
большой / маленький	воккха / жима	вокх: / жим
быстро / медленно	сиха / меллаша	сих / мел:аш
богатый / бедный	хьалдолуш / къе"	хьалдолш / къиэ:"
веселый / грустный	синкъераме/сингаттаме	синкъиэ:рмиэ:/сингат:миэ:
высокий / низкий	лекха / лоха	лекх / лох
вкусный / невкусный	чомехь /чаьммаза	чо:миэхь /чаьм:аз
горячий / холодный	довха / шийла	довх / ши:л
глубокий / мелкий	кIорга / кIорга доцуш	кIуорг / кIуорг до:цш
густой / жидкий	дуькъа / коча	дуькъ / ко:ч
густой / редкий	юькъа / нилха	йуькъ / нилх
длинный / короткий	деха / доца	де:х / до:ц
дорогой / дешевый	деза / дорах	дез / до:рах
жирный / худой	дерстина / оза	дерстин / о:з
злой / добрый	оьгIазе / къинхетаме	оь:гIзиэ:/къинхиэ:тмиэ:
красивый / некрасивый	хаза / ирча	хаз / ирч
легкий / тяжелый	дай" / деза	дай" / дез
легкий / трудный	атта / хала	ат: / хал
мягкий / жесткий	кIеда / чIогIа	кIе:д / чIо:гI
молодой / старый	къона / къена	къуо:н / къе:н
новый / старый	керла / шира	керл / шир
правильный / неправильный	нийса / нийса доцу, харц	ни:с / ни:с до:ц харц
мощный / хилый	онда / эгIаза	онд / э:гIаз
светлый / темный	сирла / Iаьржа, таьIна	сирл / Iаьрж, таьIн
сухой / мокрый	декъа / тIеда	декъ / тIе:д

соленый / пресный	дуьра / теза	дуьр / тез
сладкий / горький	мерза / къаьхьа	мерз / къаьхь
светлый / пасмурный	сирла / кхоьлина	сирл /кхоь:лин
свободный / занятый	мукъа / мукъа воцу	мукъ / мукъ во:ц
толстый / тонкий	стомма / дуткъа	стом: / дутlкъ
умный / глупый	хьекъал долуш / Іовдал	хье:къал долш/ Іовдал
хороший / плохой	дика / во[н]	дик / вуо[н]:
храбрый / трус	майра / стешха	майр / стиэшх
чистый / грязный	цІена / боьхьа	цІен / боь:х
широкий / узкий	шуьйра / готта	шуь:р / гот:
щедрый / скупой	комаьрша / сутара	комаьрш / сутар

Выучите чеченские пословицы. Нохчий[н] кицанаш Іамаде.

Вочу стагаца машар хуьлучул, дикачу стагаца дов тоьла.
Чем мир с плохим человеком, лучше ссора с хорошим человеком.

Неха[н] дикачу динал, ше[н] вониг тоьла.
Чем чужой хороший конь,лучше свой плохой.

Ше[н] кетІахь нІаьна а хуьлу майра.
У своего порога и петух бывает храбрым.

Дукха дезаро кІезиг дезийтина.
Желая многого, довольствовался малым.

Буьйса бодане мел хили, седарчий сирла хуьлу.
Чем темнее ночь, тем светлее звезды.

ПРИБЫТИЕ И ОТБЫТИЕ

СХЬАКХАЧАР А, ДІАДАХАР А

ПРИЕЗД	СХЬАКХАЧАР	[схьакха:чар]
Здравствуйте!	Салам-маршалла ду	салам-маршал: ду
Приготовьте, пожалуйста, паспорта, вы прибыли в Чечню	шуьга! Шай" паспорташ кечде, шу Нохчийчу	шуьг шай" паспортш киэчдиэ: шу нохчи:ч
Сколько дней вы пробудете здесь? (мн. ч)	схьакхаьчна Мас дийнахь Iийр ду шу кхузахь?	схьакхаьчна мас ди:нахь Iи:р ду шу кхузахь
Я пробуду здесь …	Со кхузахь … Iийр ву (м)	со кхузахь … Iи:р ву
— несколько дней	— масех дийнахь	масиэх ди:нахь
— две недели	— шина кIиранах	шин кIирнах
— месяц	— баттахь	бат:ахь
— полгода	— эха шарахь	э:хшарахь
— год	— шарахь	шарахь
Я еще не знаю	Суна хIинца а ца хаьа	су:н хIинцаэ ца хаьэ
Вы один?	Хьо-хьо ву?	хьуохьуо: ву
Да. Нет, я …	Ву. ХIа"-хIа", со… ву/ю	хIа:" хIа" суо … ву/йу
— с женой	— зудчуьнца	зудчуьнц
— с мужем	— майрачуьнца	майрчуьнц
— с семьей	— доьзалца	доь:залц
— с сыном	— кIантаца	кIантц
Ребенок вписан в паспорт моей жены	Са" зудчу" паспорт тIе яздина ду бер	са" зудчу" паспорт тIе йаздин ду бе:р
Цель вашей поездки?	Шу дахкара" хIу" Iалашо ю?	шу дахкар хIу" Iа:лшуо: йу
Я приехал …	Со … веъна	суо … веэна
— в гости	— хьошалгIа	хьо:шалгI
— в командировку	— командировке	камандировкиэ:
— к родственникам	— гергара нах болчу	гиэргар нах болч
Я сюда приехал в отпуск	Со кхуза отпуске веъна	суо кхуз отпускиэ: веэна
Я приехала учиться	Со деша еъна	суо диэ:ш йеэна
Я приехала по делу	Со цхьа гIуллакх долуш еъна	суо цхьа гIулкх долш йеэна
Я приехал работать	Со болх ба " веъна	суо буолх ба" веэна

Где ты будешь жить?	Мичахь Iийр ву хьо? (м)	мичахь Iи:р ву хьуо
Я буду жить …	Со… болчохь Iийр ву	суо… болчуохь Iи:р ву
— у друзей	— доттагIий	дуот:гIи:
— у родственников	— гергара нах	гиэргар нах
— в гостинице	— хьешацIа чохь	хье:шцIа чуохь
— в Шали	— Шелахь	ше:лахь
Откройте чемодан	Чамда дIаелла	чамд дIайиэл:
У вас еще есть багаж?	Кхи " юй хьа " хIумнаш?	кхы" йуй хьа" хIумнш
Вы должны заплатить за это (деньги)	ХIоккунах ахча дала деза аша	хIокхнах ахч дал диэ:з аш
Я могу идти?	Со дIаваха мегар дуй?	суо дIавах мегар дуй
Да, удачи вам!	Мегар ду, дала аьтто бойла!	мегар ду да:л аьт:уо: буойл
Меня должны встретить	Суна дуьхьал бахка б ,аш бу	су:н дуьхьал бахк биэ:зш бу
Меня никто не встретил	Суна дуьхьал цхьа а ца веа	су:н дуьхьал цхьа:э ца веа
Как мне добраться … ?	…муха кхочур вара-те со?	…му:х кхо:чур вартиэ: суо
— до города	ГIала —	гIа:л
— до гостиницы	ХьешацIа долчу —	хье:шцIа долч
Какой автобус идет до гостиницы?	ХьешацIа долчу муьлха автобус йоьду?	хье:шцIа долч муьлх автобус йоь:д
Где остановка автобуса?	Автобус соцу меттиг мичахь ю? (Автобус мичахь соцу?)	автобус соц мет:к мичахь йу (автобус мичахь соц)
Где стоянка такси?	Такси мичахь соцу?	такси мичахь соц
Дай мне, пожалуйста, один билет	Суна цхьа билет лохьа	су:н цхьа билет луо:хь
На какой остановке мне выходить?	Мичахь сецча, охьайосса еза со? (ж)	мичахь сецч уохьйуос: йиэ:з суо
Скажи мне, когда мы доедем до гостиницы	ХьешацIа долчу кхаьчча, алалахь соьга	хье:шцIа долч кхаьч: а:л:ахь соь:г
Я здесь должен выходить?	Кхузахь ахьавосса везий со?	кхузахь уохьвуос: виэ:зи: суо
Такси! Довези меня, пожалуйста, …	Такси! … вигахьа со	такси … вигахь суо
— до гостиницы	— хьешацIа	хье:шцIа
— по этому адресу	— хIокху адресца	хIокх адрисц

— в центр города	— гIали юккъе	гIа:ли йукъ:иэ:
Я спешу	Со сиха ву (м)	суо сих ву
Здесь останови	Кхузахь сацйиэ:хь	кхузахь сацйиэ:хь
Поверни налево / направо	Аьрру агIор ерзае / аьтту агIор	аьр:у а:гIуор йиэрзйиэ: аьт:у а:гIуор
Поезжай прямо	Нисса дIагIо	нис: дIагIуо:
Сколько я тебе должен?	Мел дала деза аса хьуна?	миэл дал диэ:з ас хьу:н
Сколько с меня?	Мел догIу соьгара?	миэл до:гI соь:гар
Поставь, пожалуйста, чемоданы …	Чамданаш … хIиттаехьа	чамднаш …хIит:йиэ:хь
— здесь (сюда)	— кхуза	кхуз
— там (туда)	— цига	циг
— вон там (туда)	— дIога	дIо:г
Спасибо	Дела реза хуьйла	де:л ре:з хуь:л

В ГОСТИНИЦЕ — ХЬЕШАЦIА ЧОХЬ — [хье:шцIа чуохь]

У вас есть свободный номер?	Еса номер юй шу"?	йе:с номир йуй шу"
У вас есть места?	Меттигаш юй шу"?	мет:кш йуй шу"
Свободных мест нет	Еса меттигаш яц	йе:с мет:кш йац
Мне нужен … номер	Суна … номер оьшу	су:н … но:мир оь:ш
— одноместный	— цхьаметтиг йолу	цхьамет:к йол
— двухместный	— шиметтиг йолу	шимет:к йол
— трехместный	— кхометтиг йолу	кхуомет:к йол
— люкс	— люкс	луькс
Я хочу номер на 2 этаже	Суна шолгIачу этаж	су:н шолгIч этаж
В номере есть… ?	тIехь номер еза	тIиэхь но:мир йиэ:з
— холодильник	Номерехь… юй / дуй?	но:мириэхь…йуй / дуй
— телефон	— яъхIумшелйийрг	йаэхIумшиэлйи:рг
— телевизор	— телефон	тилифуон
— горячая вода	— телевизор	тиливизар
— душ	— довха хи	довх хы
Есть ли здесь … ?	— душ	душ
— парикмахерская	Кхузахь … юй?	кхузахь … йуй
— бар	— парикмахерски	парикмахирски
	— бар	ба:р

Можно ли поставить кровать для ребенка?	Берана маьнга хIотто мегар дарий?	бе:ран маьнг хIуот:уо: мегар дари:
Можно посмотреть номер?	Номере хьажа мегар дуй?	но:мириэ: хьаж мегар дуй
Этот подойдет	ХIара мегаш ю	хIар мегш йу
Этот номер мне не нравится	ХIара номер суна дика ца хета (хаза ца хета)	хIар но:мир су:н дик ца хиэ:т (хаз ца хиэ:т)
Здесь …	Кху чохь… ю	кху чуохь … йу
— сыро	— тIуьна	тIуьн
— холодно / жарко	— шийла / йовха	ши:л / йовх
— темно	— Iаьржа	Iаьрж
Нет ли у вас чего-нибудь.. .	… ерг яц шу"?	… йерг йац шу"
— получше	Дико —	дикуо:"
— побольше	Йоккхо —	йокх:уо:
— подешевле	Йорахо —	йо:рхуо:
Этот номер хороший	ХIара номер дика ю	хIар но:мир дик йу
Я остаюсь здесь	Со кхузахь юьсу (ж)	суо кхузахь йуьс
Сколько стоит номер…?	ХIу" доьху номерах … Iийча?	хIу" доь:х но:мирх … Iи:ч
— в сутки	— цхьана дийнахь-бусий	цхьан ди:нахь буси:
— в неделю	— кIиранах	кIирнах
— с завтраком	— Iуьйранна хIума а юуш	Iуь:ран: хIумаэ йуэш
— без питания	— хIума а ца юуш	хIумаэ ца йуэш
Это слишком дорого	И вуно дукха ду	и вуно: дукх ду
Покажите мне, пожалуйста, другой номер	Суна кхи" номер гайтахьа	су:н кхы" но:мир гайтахь
За ребенка платить отдельно?	Берах къаьстина дала дезий?	бе:рах къаьстин дал диэ:зи:
Я пробуду здесь …	Со кхузахь … бе" Iийр вац / яц	суо кхузахь … биэ:" Iи:р вац / йац
— только сутки	— цхьана дийнахь-бусий	цхьан ди:нахь буси:
— три дня	— кхаа дийнахь	кхаэ ди:нахь
— неделю	— кIиранах	кIирнах
Дайте, пожалуйста, ваш паспорт (ед.ч.)	Хьай" паспорт схьалохьа	хьай" паспарт схьалуо:хь
Заполните эту карточку (ед.ч.)	ХIокху тIехь оьшург дIаязде	хIокх тIиэхь оь:шург дIайаздиэ:

Напишите, пожалуйста, разборчиво свою фамилию и имя (ед.ч.)	Хьай" фамили а, цIе а къаьсташ язъелахь	хьай" фамилиэ цIеэ къаьстш йазйиэ:лахь
Распишитесь здесь, пожалуйста (ед.ч.)	Кхузахь куьг таIадехьа	кхузахь куьг таIдиэ:хь
Сколько дней вы пробудете здесь? (ед.ч.)	Мас де доккхур ду ахьа кхузахь?	мас де дуокх:ур ду ахь кхузахь
Пока я заплачу за 5 дней	Цкъачунна пхеа денна ахча дIалур ду аса	цIкъачун: пхеэ диэн: ахч дIалур ду ас
На каком этаже мой номер?	Са" номер муьлхачу этаж тIехь ю?	са" но:мир муьлч этаж тIиэхь йу
Ваш номер на … этаже	Хьа" номер … этаж тIехь ю	хьа" но:мир … этаж тIиэхь йу
— третьем	— кхоалгIачу	кхуоалгIч
— втором	— шолгIачу	шолгIч
— четвертом	— йоьалгIачу	йоьалгIч
— шестом	— йолхалгIачу	йуолхалгIч
Какой у меня номер?	Са" номер муьлха ю?	са" но:мир муьлх йу
78-й	Кхузткъе берхIитталгIа	кхузтIкъэ: берхIит:алгI
Отправьте мой багаж в номер, пожалуйста (ед.ч.)	Са " хIумнаш номер чу дIаяхьийтахьа	са" хIумнш но:мир чу дIайахьи:тахь
Возьмите свои ключи	Шай " догIанаш дIаэца	шай" до:гIнаш дIаиэ:ц
Где … ?	… мичахь ю?	… мичахь йу
— лифт	Лифт —	лифт
— ресторан, кафе	Ресторан, кафе —	ристаран кафэ
— парикмахерская	Парикмахерски —	парикмахирски
— администратор	Администратор —	администратар
Во сколько завтрак?	Iуьйранна яъхIума мас даьлча юу?	Iуь:ран: йаэхIум мас даьлч йуэ
Я поднимаюсь	Со хьалайолу (ж)	суо хьалйо:л
	Со хьалаволу (м)	суо хьалво:л
Мы поднимаемся	Тхо хьаладовлу	тхуо хьалдовл
Эти вещи… пожалуйста	ХIара хIумнаш …	хIар хIумнш …
— почистите	— цIанъехьа	цIанйиэ:хь
— постирайте (ед.ч.)	— йиттахьа	йит:ахь
Погладьте, пожалуйста вот эти…(ед.ч.)	ХIокхарна иту хьакхахьа…	хIокхарн иту: хьакхахь…
Когда вещи будут готовы?	ХIумнаш кийча маца хир ю?	хIумнш ки:ч мац хир йу

Это не мои вещи	ХIара хIумнаш са " яц	хIар хIумнш са" йац
Здесь холодно, принеси мне еще …	Кху чохь шийла ю, кхи " … суна	кху чуохь ши:л йу кхы" … су:н
— одно одеяло	— цхьа маша бахьа	цхьа ма:ш ба:хь
— одно полотенце	— цхьа гата дахьа	цхьа гат да:хь
— одну подушку	— цхьа гIайба бахьа	цхьа гIайб ба:хь
У вас есть утюг? (ед.ч.)	Иту юй шу "?	иту: йуй шу"
Принеси мне …	Суна …	су:н …
— иголку с черной ниткой	— Iаьржа тай чохь маха бахьа	Iаьрж тай чуохь ма:х ба:хь
— ножницы	— тукар дахьа	тукар да:хь
— ножик	— урс дахьа	урс да:хь
— пепельницу	— чимчутосург яхьа	чимчтосург йа:хь
— три стакана	— кхо стака дахьа	кхуо стак да:хь
У меня нет горячей / холодной воды	Са " довха / шийла хи дац	са" довх / ши:л хы дац
Лампочка перегорела	Стогар баьгна	стогар баьгна
Не открывается окно	Кор дIа ца деллало	куор дIа ца диэл:луо
Вода капает	Хи охI ьхуш ду	хы уохьэоьхш ду
У меня в номере не работает …	Са " номерехь … болх беш яц	са" но:мириэхь … буолх биэш йац
— холодильник	— яъхIумшелйийрг	йаэхIумшиэлйи:рг
— телевизор	— телевизор	тиливизар
— розетка	— розетка	разетк
У меня захлопнулась дверь	Са " неI дIакъовлаелла	са" ниэI дIакъовлйел:а
Помоги мне, пожалуйста, открыть дверь	НеI дIаелла гIо дехьа суна	ниэI дIайиэл: гIуо диэ:хь су:н
Закрой, пожалуйста, окно, дует	Кор дIакъовлахьа, мох хьоькху	куор дIакъовлахь муох хьоь:кх
Я потерял(а) ключ!	Аса догIа дайина!	ас до:гI дайэин (дайэна)
Дверь захлопнулась, а ключ остался внутри!	НеI дIакъовлаелла, ткъа догIа чохь дисна!	ниэI дIакъовлйел:а тIкъа до:гI чуохь дисна
Открой, пожалуйста, мою дверь!	Са" неI дIаеллахьа!	са" ниэI дIайиэл:ахь
Я сейчас открою	Аса хIинцца дIайоьллур ю	ас хIиц: дIайоьл:ур йу
Пусть принесут мне ужин (еду) в номер	Юург номер чу яийтахьа суна	йуург но:мир чу йаи:тахь су:н

Ко мне сегодня придут гости	Тахана со йолчу хьеший богIур бу (ж)	тахан суо йолч хье:ши: бо:гIур бу
Мы сегодня вечером идем в гости к друзьям	Тхо тховса доттагIий болчу хьошалгIа доьлху	тхуо тховс дуот:гIи: болч хьо:шалгI доьлх
Если меня спросят, скажи,что я скоро вернусь	Нагахь со хаттахь, со кестта юхайогIур ю, алалахь (ж)	нагахь суо хат:ахь суо кест: йухйо:гIур йу а:л:ахь
Меня кто-нибудь спрашивал?	Со цхаммо а хаьттирий?	суо цхьам:уо:э хаьт:ири:
Мне никто ничего не оставлял?	Суна цхьаммо а хIумма а ца йитира?	су:н цхьам:уо:э хIум:аэ ца йитир
Мне кто-нибудь звонил?	Соьга цхьаммо а телефон туьйхирий?	соь:г цхьам:уо:э тилифуон туь:хири:

ОТЪЕЗД

ДIАДАХАР

[дIадахар]

Мы … уезжаем	Тхо … дIадоьлху	тхуо … дIадоьлх
— сегодня	— тахана	тахан
— завтра	— кхана	кха:н
— ночью	— буьйсанна	буь:сан:
Я сегодня уезжаю	Со тахана дIайоьду (ж)	суо тахан дIайоь:д
	Со тахана дIавоьду (м)	суо тахан дIавоь:д
Когда нужно освободить номер?	Номер чуьра ара маца вала веза?	но:мир чуьр а:р мац ва:л виэ:з
Могу я заплатить?	Ахча дIадала мегий аса?	ахч дIадал меги: ас
Не могли бы вы вызвать такси? (ед.ч.)	Такси ялор ялара ахьа?	такси йа:луор йа:цар ахь
Разбуди меня завтра в семь утра	Кхана Iуьйранна ворхI даьлча самаякхалахь со (ж)	кха:н Iуь:ран: вуорхI даьлч самйакх:лахь суо
Закажи мне такси на 6 часов вечера	Суна сарахь ялх даьлча такси хилийталахь	су:н сарахь йалх даьлч такси хыли:тлахь
Я пробыла в вашей гостинице неделю	Шу^{н} хьешацIа чохь аса кIира даькхина	шу^{н} хье:шцIа чуохь ас кIир даькх:ин
Сколько с меня?	Соьгара мел догIу?	соь:гар миэл до:гI

Когда вы уезжаете?	ДIа маца доьлху шу?	дIа мац доьлх шу
Сегодня ночью в 12 часов	Тховса буьйсанна шийтта даьлча	тховс буь:сан: ши:т: даьлч
Отнесите, пожалуйста, мои вещи вниз (ед.ч.)	Са^{н} хIумнаш лаха охьахьохьа	са^{н} хIумнш лах уохь:хьуо:хь
Я уезжаю сейчас	Со хIинцца дIавоьдуш ву	суо хIиц: дIавоь:дш ву
Мне очень понравилось здесь. Спасибо	Суна чIогIа хазахийти кхузахь. Баркалла	су:н чIо:гI хазхи:ти кхузахь баркал:
Приезжайте к нам еще	Кхи^{н} а дуьйла тхо долчу	кхы^{н} ə дуь:л тхуо долч
Приедем	ДогIур ду	до:гIур ду
Счастливо оставаться!	Марша Iойла!	марш Iуойл
Счастливого отъезда!	Марша гIойла!	марш гIуойл
Счастливой дороги!	Некъ дика хуьйла!	ниэкъ дик хуь:л

ЕСЛИ ВЫ ЧТО-ЛИБО ПОТЕРЯЛИ

НАГАХЬ АША ЦХЬА ХIУМА ЯЙИНЕХЬ

[нагахь аш цхьа хIум йайəниэхь]

Я оставила в автобусе…	Аса автобус чохь …	ас автобус чуохь …
— сумку	— тIоьрмиг битина	тIоьрмг битна
— зонт	— зонт (четар) дитина	зонт (че:тар) дитна
— кошелек	— бумаьштиг йитина	бумаьштк йитна
— перчатки	— каранаш дитина	ка:рнаш дитна
— ключи	— догIанаш дитина	до:гIнаш дитна
— книжку	— киншка йитина	киншк йитна
Я хочу заказать разговор с …	Суна … къамел да^{н} заказ я^{н} лаьа,	су:н … къамиэл да^{н} заказ йа^{н} лаьа
— Берлином	— Берлинаца	бирлинц
— Лондоном	— Лондонца	лонданц
на утро на 8 часов	Iуьйранна бархI даьлча.	Iуь:ран: бархI даьлч
Линия занята	Лини мукъа яц	лини мукъ йац
Примите заказ	Заказ дIаэцахьа	заказ дIаиэ:цахь
Я снимаю заказ	Аса заказ дIайоккху	ас заказ дIайуокх:
Говорите, вас соединили! (ед.ч.)	Шу вовшахтоьхна, къамел де!	шу вовшахтоьхна къамиэл диэ:
Кто говорит?	Мила ву къамел дийрг?	мил ву къамиэлди:рг
Тебя просят к телефону	Хьоьга телефоне кхойкху	хьоь:г тилифуониэ: кхойкх
Запиши, пожалуйста, мой номер телефона	Са^{н} телефона ^{н} номер дIаязъехьа	са^{н} тилифуон но:мир дIайазйиэ:хь
Нас разъединили	Тхойшиъ юкъахъяьккхи.	тхойшиэ йукъхйаькх:и
Это опять я.	ХIара юха а со ю (ж)	хIар йухаэ суо йу
Алло! Это говорит …	Алло! Къамел деш ерг …	къамиэл диэш йерг …
Я хочу поговорить с …	Суна…къамел да^{н} лаьара	су:н…къамиэл да^{н}лаьар
Попросите к телефону	Ахьмаде телефоне кхайкхахьа	ахьмадиэ: тилифуониэ: кхайкхахь
Ахмеда, пожалуйста	Суна во^{н} хеза хьо	су:н вуо:^{н} хез хьуо
Я тебя плохо слышу	ЧIогIа дийцахьа (алахьа)	чIо:гI ди:цахь а:лахь
Говори громче, пожалуйста		
Я не слышу, что ты говоришь	Ахьа дуьйцург ца хеза суна	ахь дуь:цург ца хез су:н

Да, я слушаю	ХIаъ, со ладугIуш ю. (ж)	хIаэ суо ладу:гIш йу
Говори помедленнее	Сих а ца луш дийцахьа	сихэ ца луш ди:цахь
Я не понимаю	Со ца кхета	суо ца кхиэ:т
Откуда ты звонишь?	Мичара етта ахьа?	мичар йиэт: ахь
Ты где?	Мичахь ву хьо? (м)	мичахь ву хьуо
Я позвоню попозже	Аса тIаьхьо тухур ю	ас тIаьхьуо: ту:хур йу
Не вешай (клади) трубку!	Трубка охьа ма йиллалахь!	трупк уохь ма йил:лахь
Ты слушаешь?	Хьо ладугIуш вуй? (м)	хьуо ладу:гIш вуй
Ничего не слышно	ХIумма а ца хеза	хIум:аэ ца хез
Я тебя хорошо слышу, говори	Суна хьо дика хеза, дийцахьа	су:н хьуо дик хез ди:цахь
Я не могу дозвониться	Са^{н} телефон дIа ца кхочу	са^{н} тилифуон дIа ца кхо:ч
Мне долго ждать?	Дукха хьежа езий со?	дукх хьиэ:ж йиэ:зи: суо
Номер не отвечает	Номеро жоп ца ло	но:мируо: жуоп ца луо
Звоните еще	Кхи^{н} а тоха	кхы^{н} э туо:х
Простите, с кем я говорю?	Бехк ма билла, хьаьнца къамел деш ву со? (м)	биэхк ма бил: хьаьнц къамиэл диэш ву суо
Ее нет дома, перезвоните попозже	И чохь яц, тIаьхьо юхатохахьа. (ж)	и чуохь йац тIаьхьуо: йухтуо:хахь
Когда он вернется домой?	ЦIа маца вогIур ву и? (м)	цIа мац во:гIур ву и
Когда она придет?	Маца йогIур ю и? (ж)	мац йо:гIур йу и
Передайте, что я позвоню завтра в девять вечера	Аса кхана сарахь исс даьлча, телефон тухур ю, алахьа	ас кха:н сарахь ис даьлч тилифуон ту:хур йу а:лахь
Передайте ему, что звонил Иса и просил позвонить ему	Iийса вара телефон етташ, алахьа цуьнга, цо шега телефон тоха бахара, алий	Iи:са вар тилифуон йиэ:т:ш а:лахь цуьнг цуо: шиэ:г тилифуон туо:х ба:хар а:ли:
По какому номеру вы звоните? (ед.ч.)	Муьлхачу номерца етта ахьа телефон?	муьлхч но:мирц йиэ:т: ахь тилифуон
Вы не туда попали (ед.ч.)	Хьо цига ца кхаьчна	хьуо циг ца кхаьчна
Извините (ед.ч.)	Бехк ма билла	биэхк ма бил:
Пусть он(а) мне позвонит по номеру …	ХIокху номерца … соьга телефон тоха алахьа цуьнга.	хIокх но:мирц … соь:г тилифуон туо:х а:лахь цуьнг

Я буду ждать	Со хьоьжуш Iийр ву (м)	суо хьоь:жш Iи:р ву
Никто не подходит	Цхьа а тIе ца вогIу	цхьа:э тIе ца во:гI
Я перезвоню, как только вернусь	Со схьа ма еъанехь, аса юхатухур ю	суо схьа ма йеэ:ниэхь ас йухту:хур йу
Вам звонят (ед.ч.)	Хьоьга телефон етта	хьоь:г тилифуон йиэт:
Телефон поменялся	Телефон хийцаелла	тилифуон хи:цйел:а
Минуточку	Цхьана минотехь	цхьан минуо:тиэхь
Телефон не работает	Телефон болх беш яц	тилифуон буолх биэш йац
Положите трубку	Трубка охьайилла.	трупк уохьйил:
Алло! Я слушаю!	Алло! Со ладугIуш ю / ву	суо ладу:гIш йу / ву
Добрый день! Я Малика,	Де дика дойла! Со	де дик дуойл суо
Ольгу можно позвать к телефону?	Малика ю. Оле телефоне кхайкха мегар дуй?	мали:к йу о:лиэ: тилифуониэ: кхайкх мегар дуй
(С добром долго живи и ты, Малика. Пусть Бог тебя любит!)	Диканца дукха ехийла, хьо а, Малика. Далла йоьзийла!	диканц дукх йе:хи:л хьуоэ мали:к дал: йоь:зи:л
Ольга дома, я ее сейчас позову	Оля чохь ю, аса хIинцца схьакхойкху цуьнга	о:ль чуохь йу ас хIиц : схьакхойкх цуьнг
Если тебя это не затруднит, позови	Хьайна хала дацахь, кхайкхахьа	хьайн хал да:цахь кхайкхахь
Я Заур	Со Заур ву	суо заур ву
Я звоню из Анкары	Аса телефон Анкарара етта	ас тилифуон анкара:р йиэт:
Попросите, пожалуйста, к телефону Рамзана	Рамзане телефоне кхайкхахьа	рамза:ниэ:тилифуониэ: кхайкхахь
Его нет. Что ему передать?	И чохь вац. Чувеъча, хIу" ала аса цуьнга?	и чуохь вац чувеэч хIу" а:л ас цуьнг
Если можно, я перезвоню вечером в половине шестого	Мегар делахь, аса сарахь юхатухур ю,	мегар делахь ас сарахь йухту:хур йу
Передайте ему, пожалуйста, что звонил Заур из Анкары (ед.ч.)	йолхалгIачух ах даьлча Заур вара, Анкарара телефон етташ, алахьа цуьнга	йуолхалгIчух ах даьлч заур вар анкара:р тилифуон йиэт:ш а:лахь цуьнг
Хорошо, я передам.	Дика ду, аса дIаэр ду	дик ду ас дIаэ:р ду
Когда ему можно позвонить?	Маца тоха мегар ду цуьнга телефон?	Мац туо:х мегар ду цуьнг тилифуон

Скажите ему, что я просил его мне позвонить.	Аса сайга телефон тоха бохура, алахьа цуьнга.	ас сайг тилифуон туо:х бо:хур а:лахь цуьнг
Спасибо.	Дела реза хуьйла.	де:л ре:з хуь:л
До свидания!	Iодика йойла!	Iодикйуойл
Передавай всем привет!	Массаьрга а маршалла ло!	мас:аьргаэ маршал: луо:
В МИЛИЦИИ	**МИЛИЦЕХЬ**	**[милициэхь]**
Добрый день!	Де дика дойла!	де дик дуойл
Помогите мне, пожалуйста! (мн.ч.)	ГIо дейша суна	гIуо диэйш су:н
Что случилось?	ХIу" хилла?	хIу" хыл:а
У меня украли …	Са" … лачкъийна	са" … лачIкъи:на
— паспорт	— паспорт	паспарт
— документы	— документаш	дакументш
— автомобиль	— машен	машиэн
— кошелек	— бумаьштиг	бумаьштк
— деньги	— ахча	ахч
Я потеряла …	Аса … дайина	ас … дайин
— зонт	— четар (зонт)	че:тар (зонт)
— кошелек	— бумаьштиг (яйина)	бумаьштк (йайин)
— кольцо	— чIуг (яйина)	чIуг (йайин)
Я оставил в автобусе …	Аса автобус чохь … битина	ас автобус чуохь … битин
— сумку	— тIоьрмиг	тIоьрмг
— чемодан	— чамда (йитина)	чамд (йитин)
У меня украли сумку	Са" тIоьрмиг лачкъийна	са" тIоьрмг лачIкъи:на
В ней были …	Цу чохь … дара.	цу чуохь … дар
— паспорт	— паспорт	паспарт
— билеты	— билеташ	биле:тш
— деньги	— ахча	ахч
Я был в городе, поэтому опоздал на …	Со гIалахь вара, цундела … тIаьхьависна (м)	суо гIа:лахь вар цунде:л … тIаьхьвисна
— поезд	— цIерпоштана	цIерпуоштан
— автобус	— автобусана	автобусан

Там остались мои деньги, вещи	Цигахь са^{н} ахча а, хIумнаш а йисна	цигахь са^{н} ахчаэ хIумнашэ йисна
Я здесь в гостях	Со қхузахь хьошалгIахь ву/ю	суо кхузахь хьо:шалгIахь ву/йу
Я опаздал на самолет	Со кеманна тIаьхьависна	суо киэ:ман: тIаьхьвисна
Я приехала в командировку	Со командировке еъна	суо камандировкиэ: йеэна
Я сюда приехал по работе	Со кхуза белха^{н} гIуллакхана веъна	суо кхуз белх гIулкхан веэна
Меня задержали незаконно. Я ни в чем не виноват	Со лацар Iедалца догIуш дац. Со цхьана а хIуманна бехке вац	суо ла:цар Iе:далц до:гIш дац суо цхьанаэ хIуман: биэхкиэ: вац
Вы меня с кем-то спутали (ед.ч.)	Со цхьаннах тарвелла шуна	суо цхьан:ах тарвел:а шун
Я ничего не сделал	Аса хIумма а ца дина	ас хIум:аэ ца дина
Мне нужен переводчик	Суна гочдархо оьшу	су:н гуочдархуо: оь:ш
Позвоните вот по этому номеру телефона (мн.ч.)	ХIокху номерца телефон тохийша	хIокх но:мирц тилифуон туохи:ш
Я приехал из Ирана	Со Иранера веъна	суо ира:ниэ:р веэна
Я не виноват	Со бехке вац	суо биэхкиэ: вац
Я этого не делал.	Аса ца дина и	ас ца дина и
Что я сделал?	ХIу^{н} дина аса?	хIу^{н} дина ас
Я виноват	Со бехке ву	суо биэхкиэ: ву
Я возмещу ущерб	Айса дина зе^{н} аса меттахIоттор ду	айс дин зиэ^{н}: ас мет:хIуот:уор ду
Я это сделал не умышленно	Аса и хIуьттаренна-гамонна ца дина	ас и хIуьт:риэн: га:муон: ца дина
Я должен оштрафовать вас за превышение скорости	Хьо дукха сиха вахарна, хьуна гIуда тоха дезаш ву со	хьуо дукх сих вахарн хьу:н гIу:д туо:х диэ:зш ву суо
Можно мне позвонить другу?	ДоттагIчуьнга телефон тоха мегар дуй?	дуот:агIчуьнг тилифуон туо:х мегар дуй
Звоните	Тоха	туо:х
Простите, за беспокойство, вы можете идти	Бехк ма билла, хьийзаварна, хьо дIаваха мегар ду	биэхк ма бил: хьи:зварн хьуо дIавах мегар ду

ЕДА

ЮУРГ

В РЕСТОРАНЕ. В КАФЕ	**РЕСТОРАНЕХЬ. КАФЕХЬ**	**[ристарaниэхь кафэхь]**
Я хочу есть.	Суна яахIума еза.	су:н йаэхIум йиэ:з
Я проголодался	Со мацвелла	суо мацвел:а
Я проголодалась	Со мацъелла	суо мацйел:а
Мы проголодались	Тхо мацделла	тхуо мацдел:а
Я хочу пить (воду)	Суна хи деза	су:н хы диэ:з
Меня мучит жажда.	Со хьагвелла. (м)	суо хьагвел:а
	Со хьагъелла. (ж)	суо хьагйел:а
Пойдемте в ресторан / кафе	Ресторане / кафе гIой вай	ристарaниэ: / кафэ гIуой вай
Ты пойдешь с нами?	Хьо йогIий тхоьца? (ж)	хьуо йо:гIи: тхоь:ц
	Хьо вогIий тхоьца? (м)	хьуо во:гIи: тхоь:ц
Ты не хочешь пойти с нами?	Хьуна тхоьца ва" ца лаьа? (м)	хьу:н тхоь:ц ва:" ца лаьэ
	Хьуна тхоьца я" ца лаьа? (ж)	хьу:н тхоь:ц йа:" ца лаьэ
Ты не идешь со мной?	Хьо ца вогIу соьца?	хьуо ца во:гI соь:ц
Здесь поблизости есть место, где можно перекусить?	Кхуза юххехь хIума кхалла меттиг юй?	кхуз йух:иэхь хIум кхал: мет:к йуй
Где здесь ресторан?	Ресторан мичахь ю кхузахь?	ристаран мичахь йу кхузахь
Здесь поблизости есть хороший, недорогой ресторан / кафе?	Кхуза юххехь дика а йолуш, еза а йоцуш ресторан / кафе юй?	кхуз йух:иэхь дикаэ йолш йезаэ йо:цш ристаран / кафэ йуй
Когда открывается / закрывается ресторан / кафе?	Ресторан / кафе дIа маца йоьллу / да маца къовлу?	ристаран / кафэ дIа мац йоьл: / дIа мац къовл
Нам нужен столик на троих	Тхуна стол оьшу кхаанна	тху:н стуол оь:ш кхаэан:
Мы хотели бы стол вон в том углу	Тхуна хьуьлла маьIехь стол езара	тху:н хьуьл: маьI:иэхь стуол йиэ:зар
Мы хотели бы сесть у окна	Тхуна кора юххехь ховша лаьара	тху:н куо:ра йух:иэхь ховш лаьар

Мы хотели бы сесть подальше от оркестра	Тхуна оркестрана генахьо ховша лаьара	тху:н аркестран ге:нхьуо: ховш лаьар
Вот сюда можно сесть?	XIоккхуза ховша мегар дуй?	хIокх:уз ховш мегар дуй
На улице есть места?	Арахь меттигаш юй?	а:рахь мет:кш йуй
Дайте меню	Меню лохьа.	миню луо:хь
Официант, принесите, пожалуйста, …	Официант, … дахьа	афицант … да:хь
— еще один стул	— кхи" цхьа гIант	кхы" цхьа гIант
— вилку	— мIара (бахьа)	мIа:р (ба:хь)
— ложку	— Iайг (бахьа)	Iайг (ба:хь)
— нож	— урс	урс
— тарелку	— бошхап	башхап
— чашку	— кад (бахьа)	кад (ба:хь)
— стакан	— стака	стака
— пепельницу	— чимчутосург (яхьа)	чимчтосург (йа:хь)
Примите заказ	Заказ дIаэцахьа	заказ дIаиэ:цахь
Я еще не выбрал(а)	Аса хIинца а ца хаьржина	ас хIинцаэ ца хаьржин
Что будем есть?	XIу" юу вай?	хIу" йуэ вай
Я возьму …	Аса … оьцур ю	ас … оь:цур йу
Мне дайте…пожалуйста	Суна … лохьа	су:н … луо:хь
Какое у вас фирменное блюдо?	Фирменни даар муьлханиг ду шу"?	фирман даар муьлхниг ду шу"
У вас есть чеченские блюда?	Нохчий" даар дуй шу"?	нохчи:" даар дуй шу"
Будь добра, принеси, пожалуйста, фрукты	Хьо дика а яй, стоьмаш дахьа.	хьуо дикаэ йай стоь:мш да:хь
Это остыло (холодное)	XIара шелъелла (шийла ю).	хIар шиэлйел:а (ши:л йу)
Это очень …	XIара чIогIа … ю	хIар чIо:гI … йу
— сладкое	— мерза	мерз
— горькое	— къаьхьа	къаьхь
— соленое	— дуьра	дуьр
— кислое	— муьста	муьст
— перченое	— кIо"	кIуо:"
Мясо …	Жижиг…	жижг …
— жесткое	— чIогIа ду	чIо:гI ду
— недожаренное	— датта ца делла	дат: ца дел:а

— сырое	— буьйда ду	буь:д ду
— пересолено	— тIех дурдина	тIиэх дурдина
— недосолено	— теза ду	тез ду
Это не вкусно	ХIоккуьна^{н} цхьа а чам бац	хIокхуьн цхьа:э чам бац
Это можно заменить?	ХIара хийца мегар юй?	хIар хы:ц мегар йуй
Я это не просил	Аса хIара ца йийхира	ас хIар ца йи:хыр
Еще что-нибудь принести?	Кхи^{н} хIумма а яй?	кхы^{н} хIум:аэ йа:й
Спасибо, больше ничего не нужно	Баркалла, кхи^{н} хIумма а ца оьшу	баркал: кхы^{н} хIум:аэ ца оь:ш
Приятного аппетита!	ГIоза юург хуьйла!	гIуо:з йуург хуь:л
Подайте, пожалуйста, счет (ед.ч)	Счет схьакховдаехьа	щёт схьакховдйиэ:хь
Возьмите сдачу (ед.ч)	ДIаэца, хIара юхадогIу хьуна	дIаиэ:ц хIар йухдо:гI хьу:н
Спасибо, сдачи не нужно, оставьте себе	Баркалла, ца оьшу, юхадогIург хьайна дита	баркал: ца оь:ш йухдо:гIург хьайн дит
Все было очень вкусно, спасибо	Массо а хIума чIогIа мерза яра, дела реза хуьйла	мас:уо:э хIум чIо:гI мерз йар де:л ре:з хуь:л
Приходите еще!	Кхи^{н} а дуьйла!	кхы^{н} э дуь:л

СЛОВА К ТЕМЕ	*ОЬШУ ДЕШНАШ*	*[оь:ш дешнаш]*
Закуски	**ТIекхоллуш ерг**	**[тIекхуол:ш йерг]**
икра	Iов ю	Iов йу
рыба	чIара бу	чIа:р бу
салат	салат ю	салат йу
язык	мотт бу	муот бу
сыр	нехча ю	ниэхч йу
Суп	**Чорпа**	**[чуорп]**
бульон куриный	котама^{н} чорпа ю	куо:там чуорп йу
суп с …	… чорпа	… чуорп
— фасолью	кхоьш тесина —	кхоьш тесин
— рисом	дугана^{н} —	дуган
— мясом	нохчий^{н} —	нохчи:^{н}
— лапшой	гарзний^{н} —	гарзни:^{н}

Мясные блюда	**Жижига^{н} даар**	**[жижг даар]**
баранина	уьстагI-жижиг ду	уьстагI жижг ду
говядина	бежан-жижиг ду	бежан жижг ду
жареное мясо	кхерзина жижиг	кхерзин жижг
вареное мясо	кхехкийна жижиг	кхиэхки:н жижг
сушеное мясо	дакъийна жижиг	дакъи:н жижг
печень	доIах ду	доIх ду
почки	жаннаш ду	жан:ш ду
сердце	дог ду	дуог ду
ребрышки	пIендарш ду	пIиэндарш ду
шашлык	шашлык йу	шашлык йу
колбаса	йоьхь ду	йоьхь ду
гусь	гIаз ю	гIаз йу
утка	бад ю	бад йу
курица	котам ю	куо:там йу
индейка	москал ю	муоскал йу
фазан	акха котам (нIаьна)	а:кх куо:там (нIаьн)
цыпленок	кIорни ду	куорни ду
голова и ножки	кортий-когаший	куорти: куогши:
Гарниры	**Юххеюьллург**	**[йух:иэ:йуьл:ург]**
фасоль	кхоьш ю	кхоьш йу
капуста …	… копаста ю	… ко:пст йу
— свежая	керла —	керл
— соленая	хи чу йоьллина —	хычйоьл:ин
— цветная	къорза —	къуорз
картофель …	… картолаш ю	… картуо:лш йу
— жареный	кхерзина —	кхерзин
— печеный	еттина —	йет:ин
— отварной	кхехкийна —	кхиэхки:н
зеленый лук	сийна хох бу	си:н хуох бу
морковь	жIонк ду	жIуонк ду
макароны, спагетти	гарзанаш ю	гарзнаш йу
помидоры	помидораш ю	памдуо:рш йу
редиска	хорсамаш ду	хорсмаш ду
репа, редька …	… хорсам ду	… хорсам ду
— черная	Iаьржа —	Iаьрж
— белая	кIай^{н} —	кIай^{н}
— круглая	горга —	гуорг
— длинная	деха —	де:х

кукуруза	хьаьаш ю	хьаьэш йу
черемша	хьонка бу	хьуонк бу
сыр	нехча ю	ниэхч йу
творог	кIалд ю	кIалд йу
яйца	хIоаш ду	хIоэш ду
огурцы …	… наьрсаш ю	… наьрсш йу
— свежие	керла —	керл
— соленые	хи чу йоьхкина —	хьчIйоьхкин
Пряности	**Чам беш йолу хIумнаш**	**[чам биэш йол хIумнш]**
имбирь	занжабил ю	занжбил йу
горчица	горчица ю	гарчиц йу
пахучая трава	хьожа йогIу буц	хьож йо:гI буц
лимон	лимон ю	лимуон йу
чеснок	саьрмасекх бу	саьрмсиэкх бу
перец …	… бурч ю	… бурч йу
— сладкий	мерза —	мерз
— горький	кIо[н] —	кIуо:[н]
— черный	Iаьржа —	Iаьрж
— красный	цIе[н] —	цIиэ:[н]
соль	туьха ду	туьх ду
сахар	шекар ду	шиэ:кар ду
уксус	къонза ду	къуонз ду
Десерт	**Мерза хIумнаш**	**[мерз хIумнш]**
мороженое	шийланиг (морожени) ю	ши:лниг (марожни) йу
пирожное	мерзаниг (пирожни) ю	мерзниг (пирожни) йу
шоколад	шоколад ю	шаклад йу
кишмиш, изюм	кишмиш ю	кишмиш йу
мед	моз ду	муоз ду
халва …	… хьовла ду	хьовл ду
— пшеничная	дема[н]	дем
— кукурузная	ахьара[н]	ахьар
— зернистая	буьртигий[н]	буьртги:[н]
— лапшевидная	гарзаний[н]	гарзни:[н]
Фрукты	**Стоьмаш**	**[сто:мш]**
айва	хьайба ю	хьайб йу
абрикосы	шапталш ю	шапталш йу
ананас	ананас ю	ананас йу
бананы	бананаш ю	бана:нш йу

виноград	кемсаш ю	кемсш йу
вишни	баьллаш ю	баьл:ш йу
гранат	нар ю	на:р йу
груши	кхораш ду	кхуо:рш ду
мандарины	мандаринаш ю	мандари:нш йу
мушмула	хьаьмцаш ду	хьаьмцш ду
апельсины	апельсинаш ю	апильси:нш йу
орехи	бIараш ду	бIа:рш ду
сливы	хьечаш ду	хье:чш ду
яблоки	Iежаш ду	Iе:жш ду
персики	гIаммагIаш ю	гIам:агIш йу
арбуз	хорбаз ю	хорбаз йу
дыня	паста ю	паст йу
клубника	цIазамаш ду	цIа:змаш ду
кизил	стеш ду	сте:ш ду
лимон	лимон ю	лимуон йу
хурма	хурманаш ю	хурмнаш йу
Напитки	**Молу хIума**	**[мол хIум]**
вода …	… хи ду	… хы ду
— минеральная	минеральни —	минирални
— сладкая	мерза —	мерз
— со льдом	шаца —	шац
кофе …	… къахьо (кофе) ю	… къахьуо: (кофи) йу
— черный	Iаьржа —	Iаьрж
— с молоком	шурица —	шури:ц
— с сахаром	шекарца —	шиэкарц
— без сахара	шекар доцуш —	шиэ:кар до:цш
холодное молоко	шийла шура ю	ши:л шур йу
кефир	етта шура ю	йет: шур йу
сок …	… мутт ду	… мут: ду
— апельсиновый	апельсиний[н] —	апильсини:[н]
— виноградный	кемсий[н] —	кемси:[н]
— яблочный	Iежий[н] —	Iэ:жи:[н]
— вишневый	баьллий[н] —	баьл:и:[н]
чай	чай ду	чай ду
коктейль	коктейль ю	кактель йу
водка	къаьркъа ду	къаьркъ ду
вино …	… чагIар ду	… ча:гIар ду
— белое	кIай[н] —	кIай[н]

— красное	цIе^{н} —	цIиэ:^{н}
коньяк	коньяк ду	каньйак ду
шампанское	шампански ду	шампански ду
пиво …	… пиво ду	… пи:в ду
— светлое	сирла —	сирл
— темное	таьIна —	таьIн
— крепкое	чIогIа —	чIо:гI
— легкое	дай^{н} —	дай^{н}
пиво (чеченский напиток из проса)	йий ду	йи: ду
брага (из кукурузы, проса)	ниха ду	них ду
буза, квас (из кукурузы, проса)	мохса ду	мохс ду

НАЦИОНАЛЬНЫЕ ЧЕЧЕНСКИЕ БЛЮДА	**НОХЧИЙ^{Н} КЪОМА^{Н} ДААР**	**[нохчи:^{н} къо:м даар]**
галушки из … муки	… галнаш ю	… галнш йу
— пшеничной	дема^{н} —	дем
— кукурузной	ахьара^{н} —	ахьар
галушки с … мясом	галнаш …ю	галнш … йу
— говяжьим	— бежана^{н} жижигца	бежан жижгц
— бараньим	— уьстагIа^{н} жижигца	уьстагI жижгц
галушки с курицей	котам-галнаш ю	куо:там галнш йу
чесночный соус	саьрмасекха^{н} берам	саьрмсиэ:кха^{н} биэ:рам
луковый соус	хохий^{н} берам	хуохи:^{н} биэ:рам
галушки с бараньей головой и ножками	уьстагIа^{н} кортий-когашца хьалтIаш	уьстагI куорти: куо:гшц хьалтIаш
мелкие круглые кукурузные галушки с соусом из соленого творога	кегий ахьара^{н} галнаш тIоберамца, кIалдаьттанца	кеги: ахьар галнш тIуо:биэ:рамц кIалдаьт:анц
чурек	сискал ю	сискал йу
пшеничные лепешки с	…	
— творогом	чIепалгаш ду	чIе:палгш ду
— тыквой	хингалш ду	хынгалш ду
— картофелем	картол чуйоьллина	картуол чуйоьл:ин
— рублеными внутренностями	далнаш ю	далнш йу

Орехи (куски требухи начиняются рубленными внутренностями и подаются с кукурузными галушками и соусом)	бIараш бу	бIа:рш бу
продолговатые пельмени с загибом в елочку	курзанаш ю	курзнаш йу
черемша	хьонка … бу	хьуонк … бу
— вареная	— кхехкийна	кхиэхки:н
— жареная	— кхерзина (жахар бу)	кхерзин (жахар бу)
— маринованная	— хи чу боьллина	хычбоьл:ин
толокно кукурузное / из сухофруктов	цу бу / кхорий^{н} цу бу	цу бу / кхуо:ри:^{н} цу бу
лепешка из кукурузной муки (с ладонь) (внутри с крапивой или с мясом)	чуднаш ю (нитташца, Iаьхьина жижигца)	чуднаш йу (нит:шц Iаьхьин жижгц)
Овечий сыр с молодой картошкой и маслом, с калмыцким чаем	жан-нехча, картолашца, налхаца, гIалмакхчайнаца	жан-ниэхч картуолшц налхц гIалмкхчайнц
Чеченский суп	нохчий^{н} чорпа ю	нохчи:^{н} чуорп йу
Жареное мясо	кхерзина жижиг ду	кхерзин жижг ду
Сладкий плов	мерза плов ду	мерз плов ду
пшеничная толстая лепешка (хлеб)	хьокхам бу	хьо:кхам бу
хлеб …	… бепиг (кхаллар) ду	… бе:пк (кхал:ар) ду
— белый	кIай^{н} —	кIай^{н}
— черный	Iаьржа —	Iаьрж
оладьи	локъмаш ю	локъмш йу
кукуруза …	…	
— воздушная	чуьппалгаш ю	чуьп:алгш йу
— вареная	кхехкийна хьаьжкIаш	кхиэхки:н хьаьчIкIш
— жареная	еттина хьаьжкIаш	йет:ин хьаьчIкIш
блинчики	гIемакхаш ду	гIе:мкхш ду
голубцы	долмнаш ю	дуолмнаш йу
каша из пшеничной муки с молоком	цIиййинчу шурица дем-худар ду	цIи:йинч шуриц дем-худар ду
мамалыга	ахьар-худар ду	ахьархудар ду
рисовая каша	дуган-худар ду	дуганхудар ду

простокваша	етта шура ю	йет: шур йу
кипяченое молоко	цIиййина шура	цIи:йин шур йу
калмыцкий чай	гIалмакхчай ду	гIалмкхчай ду
ПОСУДА	**ПХЬЕГIАШ**	**[пхьиэ:гIш]**
ведро / ведра	ведар ду / ведарш ду	виэ:дар ду / виэ:дарш ду
вилка / вилки	мIара бу / мIерий ду	мIа:р бу / мIэ:ри: ду
доска	у ду	у ду
кастрюля	яй бу	йай бу
крышка / крышки	негIар ду / негIарш ду	негIар ду / негIарш ду
кружка	кушка ю	кушк йу
кувшин …	… кIудал ю	… кIудал йу
— медный	цIеста —	цIест
— глиняный	кхаба ю	кха:б
— для омовения	гIуммагIа ю	гIум:агI йу
ложка / ложки …	… Iайг бу / Iайгаш ду	… Iайг бу / Iайгш ду
— деревянная	дечига" —	дечк
— большая (столовая)	боккха —	бокх:
— чайная	стакана" —	стакан
миска (большая)	бога ду	буо:г ду
нож / ножи	урс ду / арсаш ду	урс ду / арсш ду
пепельница	чимчутосург ю	чимчтосург йу
перечница	бурччуюхкург ю	бурччуйухкург йу
половник	чами бу	ча:ми бу
сахарница	шекарчудухкург ю	шиэ:карчудухкург йу
сковородка …	…	
— с ручкой	ялгIу ду	йалгIу: ду
— без ручки	зайла ю	зайл йу
сито	цаца бу	цац бу
стакан / стаканы	стака ду / стаканаш ду	стак ду / стакнаш ду
солонка	туьхчудухкург ю	туьхчдухкург йу
тарелка / тарелки …	… бошхап ду /бошхепаш ду	… башхап ду / башхе:пш ду
— большая	доккха —	докх:
— маленькая	жима —	жим
— чайная	чайна" —	чайн
шумовка	чоьлпа ду	чоьлп ду

ДОСУГ

САМУКЪАДАККХАР

ТЕАТР

	ТЕАТАР	[тиатар]
Какой спектакль мне посмотреть?	Муьлхачу спектакле хьажа со?	муьлхч спиктаклиэ: хьаж суо
На какой спектакль пойти нам?	Муьлхачу спектакле гIо тхо?	муьлхч спиктаклиэ: гIуо: тхуо
Какой спектакль тебе нравится больше всех?	Хьуна уггар хазахеташ йолу спектакль муьлханиг ю?	хьу:н уг:ар хазхиэ:тш йол спиктакаль муьлхниг йу
Что идет сегодня в театре?	Тахана театрехь хIу^{н} ю хIоттош?	тахан тиатриэхь хIу^{н} йу хIуот:уош
Мы хотим пойти в чеченский театр	Тхуна нохчий^{н} театре даха лаьа	тху:н нохчи:^{н} тиатриэ: дах лаьэ
Сколько стоят билеты?	Билетех хIу^{н} доьху?	биле:тиэх хIу^{н} доь:х
Во сколько начинается (заканчивается) спектакль?	Спектакль мас даьлча йолало (чекхйолу)?	спиктакаль мас даьлч йуол:уо (чиэкхйо:л)
У вас есть билеты … ?	… билеташ дуй шу^{н}?	… биле:тш дуй шу^{н}
— на сегодня	Таханенна —	тахниэн:
— на завтра	Кханенна —	кханиэн:
— на воскресенье	КIиранденна —	кIирандиэн:
Сколько стоит билет в партер?	Партере долчу билетах хIу^{н} доьху?	партэриэ: долч биле:тах хIу^{н} доь:х
Дайте мне билет в …	Суна … билет лохьа	су:н … билет луо:хь
— партер	— партере	партэриэ:
— ложу	— ложе	ложиэ:
— 7 ряду	— ворхIалгIачу рядехь	вуорхIалгIч рядиэхь
Все билеты проданы	Массо а билет доьхкина ду	мас:уо:э билет доьхкин ду
Покажите, пожалуйста, наши места	Тха^{н} меттигаш гайтахьа	тха^{н} мет:кш гайтахь
Как пройти в партер (ложу, на балкон)?	Партере (ложе, балкон тIе) муха ваха веза?	партэриэ:ложиэ:бал-куон тIе му:х вах виэ:з
Дайте программку	Программка лохьа	праграмк луо:хь
Кто написал эту пьесу?	ХIара пьеса хьа^{н} язйина?	хIар пйе:с хьа^{н} йазйина

Кто играет в этом спектакле?	ХIокху спектаклехь ловзуш мила ву?	хIокх спиктаклиэхь ловзш мил ву
В какую сторону нам идти?	Тхо муьлхачу агIор даха деза?	тхуо муьлхч а:гIуор дах диэ:з
Где можно сдать пальто?	Пальто дIа мичахь яла мегар ду?	палтуо: дIа мичахь йал мегар ду
Извини, можно я пройду?	Бехк ма биллалахь, со дехьаяла мегар дуй?	биэхк ма бил:лахь суо диэ:хьйа:л мегар дуй
Спектакль уже начался?	Спектакль дIайолаелла?	Спиктакаль дIайуо:лйел:а
Как хорошо видно отсюда!	Кхузара ма дика а го!	кхузар ма дикаэ гуо
Спектакль был очень хорошим!	Спектакль чIогIа дика яра!	спиктакаль чIо:гI дик йар
Вам понравился спектакль?	Шуна спектакль хазахийтин?	шун спиктакаль хазхи:тин
Тебе понравился … ?	Хьуна … хазахийтирий?	хьу:н … хазхи:тири:
Мне очень понравился!	Суна чIогIа хазахийтира!	су:н чIо:гI хазхи:тир
Мне не очень понравился	Суна башха хаза а ца хийтира	су:н башх хазаэ ца хи:тир
Этот спектакль …	ХIара спектакль … ю	хIар спиктакаль … йу
— хороший	— дика	дик
— скучный	— сингаттаме	сингат:миэ:
— веселый	— синкъераме	синкъиэ:рмиэ:
Мне понравилась …	Суна … хазахийтира	су:н … хазхи:тир
— музыка	— эшарш, мукъамаш	э:шарш мукъмаш
— костюмы	— тIейоьхна хIумнаш	тIейоьхн хIумнш
Кто твой любимый актер?	Хьуна везаш волу артист муьлханиг ву?	хьу:н виэ:зш вол артист муьлхниг ву
Вы уже смотрели..?(мн.ч.)	Шу хьоьвсний … ?	шу хьоьвсни: …
Ты уже смотрел(а) … ?	Хьо хаьжний … ?	хьуо хьажни: …

КИНОТЕАТР

	КИНОТЕАТАР	[кинатиатар]
Куда бы нам пойти вечером?	Стенга гIур дара-техьа вай сарахь?	стиэнг гIу:р дар тиэ:хь вай сарахь
Я бы пошла в кино	Со кино гIур яра	суо кино гIу:р йар
Я бы пошел в кино	Со кино гIур вара	суо кино гIу:р вар

А ты как считаешь?	Хьуна муха хета?	хьу:н му:х хиэ:т
Это хороший фильм?	И дика кино юй?	и дик кино йуй
Его стоит посмотреть?	Хьажа мегар долуш юй и?	хьаж мегар долш йуй и
Все хотят его посмотреть	Массарна а лаьа цуьнга хьажа	мас:арнаэ лаьэ цуьнг хьаж
Какой фильм идет сегодня?	Муьлха кино ю тахана?	муьлх кино йу тахан
В каком кинотеатре идет этот фильм?	Муьлхачу кинотеатрехь ю и кино?	Муьлхч кинатиатриэхь йу и кино
Вы смотрели этот фильм?	Шу хьоьвсиний цу кинога?	шу хьоьвсни: цу кино:г
Тебе понравился?	Хьуна хазахийтирий?	хьу:н хазхи:тири:
Мы идем в кино!	Вай кино доьлху!	вай кино доьлх
Я хочу пойти в кино!	Суна кино яха лаьа!	су:н кино йах лаьэ
Я хочу посмотреть комедию (детектив, боевик)	Суна комедига (детективе, боевике) хьажа лаьа	су:н камеди:г (дэтэктивиэ: байивикиэ:) хьаж лаьэ
Кто играет в этом фильме?	ХІокху кинохь мила ву ловзуш?	хІокх кинохь мил ву ловзш
Вам понравился фильм? (мн.ч.)	Шуна кино хазахийтирий?	шун кино хазхи:тири:
Мы сидим слишком далеко	Вай дукха генахь	вай дукх ге:нахь
Отсюда плохо видно	Іаш ду	Іаш ду
Это очень большой кинотеатр	Кхузара во" го	кхузар вуо:" гуо
Это очень маленький кинотеатр	ХІара вуно йоккха кинотеатр ю	хІар вуно: йокх: кинатиатар йу
	ХІара вуно жима кинотеатр ю	хІар вуно: жим кинатиатар йу

МУЗЕЙ

Я хочу пойти в музей	Суна музей яха лаьа	су:н музей йах лаьэ
Музей каждый день открыт?	Музей хІор дийнахь хуьлий дІайиллина?	музей хІо:р ди:нахь хуьли: дІайил:ин
Где находится музей?	Музей мичахь ю?	музей мичахь йу
Туда можно пройти пешком?	ГІаш вахалой цига?	гІаш вахлуой циг

Сколько стоит билет?	Билета" мах хІу" бу?	биле:т мах хІу" бу
Фотографировать можно?	Сурт даккха мегар дуй?	сурт дакх: мегар дуй
Мне нравится эта картина	ХІара сурт хазахета суна	хІар сурт хазхиэ:т су:н
Кто ее написал?	Хьа" диллина и?	хьа" дил:ин и
У вас есть каталог картин? (ед.ч)	Суьртий" каталог юй шу"?	суьрти:" каталаг йуй шу"
Можно купить картину?	Сурт эца мегар дуй?	сурт иэ:ц мегар дуй
Все вещи и картины, которые здесь находятся, не продаются	Кху чохь йолу массо а хІумнаш а, суьрташ а духкуш дац	кху чуохь йол мас:уо:э хІумнашэ суьрташэ духкш дац
А в том зале что?	Оцу чохь хІу" йу?	оц чуохь хІу" йу
Мы уходим	Тхо дІадоьлху	тхуо дІадоьлх
Вы идете с нами?	Шу догІий тхоьца?	шу до:гІи: тхоь:ц
Одну минуточку подождите (мн.ч.)	Цхьана минотехь собар дейша	цхьан минуотиэхь со:бар диэ:йш
Есть ли у вас картины...? (ед.ч.)	... суьрташ дуй шу"?	суьртш дуй шу"
— Рембрандта	Рембрандта" —	рембрандта" —
— Ван Дейка	Ван Дейка" —	ван дейка" —
— Петра Захарова из чеченцев	Нохчех ваьллачу Петр Захаровн —	нохчиэх ваьл:ч пётар захаровн —
Где можно купить ...?	... мичахь эца мегар ду?	мичахь иэ:ц мегар ду
— альбом	Альбом —	альбом
— каталог	Каталог —	каталаг
— репродукции картин	Суьртий" репродукциш	суьрти:" рипрадукцыш

КОНЦЕРТ

Пойдемте вечером на концерт?	Сарахь концерте гІо вай?	сарахь канцэртиэ: гІуо: вай
Я бы послушал чеченские народные песни	Аса нохчий" халкъа" эшаршка дадугІур дара-кх	ас нохчи:" халкъ э:шаршк ладу:гІур дар кх

МУЗЕЙ

[музей]

КОНЦЕРТ

[канцэрт]

Ты хоть одну чеченскую песню знаешь?	Хьуна нохчий[и] цхьа йиш мукъана а хаьий?	хьу:н нохчи:[и] цхьа йиш мукънаэ хаьи:
Я хотел бы выучить	Суна Іамо-м лаьара	су:н Іа:муо:[и] м лаьар
Мне очень нравятся чеченские танцы	Суна чІогІа хазахета нохчий[и] хелхарш	су:н чІо:гІ хазхиэ:т нохчи:[и] хелхарш
Когда же будет концерт ансамбля «Вайнах» или «Ловзар»?	«Вайнах» я «Ловзар» ансамбла[и] концерт	вайнах йа ловзар ансамбла[и] канцэрт мац
Ты хочешь пойти?	маца хир ю-техьа?	хир йу тиэ:хь
Конечно, хочу	Хьуна яха лаьа?	хьу:н йах лаьэ
Где будет концерт?	Дера лаьа	де:р лаьэ
Кто участвует в концерте?	Мичахь хир ю концерт?	мичахь хир йу канцэрт
Мне очень понравился концерт, а тебе?	Концертехь дакъа лоцуш мила ву?	канцэртиэхь да:къ ло:цш мил ву
Мне тоже понравился	Суна чІогІа хазахийтира концерт, хьуна?	су:н чІо:гІ хазхи:тир канцэрт хьу:на
Мне не очень понравился	Суна а хазахийтира	су:наэ хазхи:тир
Мне не понравился	Суна башха хаза а ца хийтира	су:н башх хазаэ ца хи:тир
Там было весело	Суна хаза ца хийтира	су:н хаз ца хи:тир
Там было скучно	Цигахь самукъане дара	цигахь самукъниэ: дар
Вам было весело?	Цигахь сингаттаме дара	цигахь сингат:миэ: дар
	Шу[и] самукъделирий?	шу[и] самукъде:лири:

ПАРК

ПАРК

[парк]

Давайте пойдем в парк?	Парке гІо вай?	паркиэ: гІуо: вай
Давайте полетаем?	Кема хахкий вай?	киэ:м хахки: вай
Покатаешься на качелях?	Бинжолаг тІехь хахкалой хьо?	бинжуо:лг тІиэхь хахклуой хьуо
Как здесь красиво!	Ма хаза ду кхузахь!	ма хаз ду кхузахь
Я хочу поплавать, здесь есть бассейн?	Суна лийча лаьа, кхузахь бассейн юй?	су:н ли:ч лаьэ кхузахь басейн йуй
Я хочу танцевать, здесь есть дискотека?	Суна хелхавала лаьа, кхузахь дискотека юй?	су:н хелхва:л лаьэ кхузахь дискате:к йуй
Давайте пойдем играть в теннис (баскетбол, бадминтон)?	Теннисах (баскетболах, бадминтонах) ловза гІой вай?	тэнисах (баскидбо:лах бадминто:нах) ловз гуой вай

В этом парке много птиц	ХІокху паркехь дукха олхазарш ду	хІокх паркиэхь дукх уолхзарш ду
Здесь и белки есть	Кхузахь тарсалш а ю	кхузахь тарсалшэ йу
Мне жарко	Со йохъелла	суо йуохйел:а
Я хочу пить	Суна хи деза	су:н хы диэ:з
Давайте выпьем воды	Хи мала вай	хы мал вай
Здесь очень вкусное мороженое	Кхузахь шийланиг чІогІа мерза ю.	кхузахь ши:лниг чІо:гІ мерз йу
Давайте здесь присядем и отдохнем	Кхуза охьа а лахлой, садаІа вай	кхуз уохьаэ лахлуой садаІ вай
Жарко	Йовха ю	йовх йу
Ты умеешь играть в шахматы?	Хьуна шахматех ловза хаьий?	хьу:н шахматиэх ловз хаьи:
Сыграем?!	Ловзий вай?!	ловзи: вай
А где ты видишь шахматы?	Хьуна мичахь го шахматаш?	хьу:н мичахь гуо шахматш
А ты не видишь вон те столы?!	Хьуьлла лаьтта стоьлаш ца го хьуна?!	хьуьл: лаьт: стоь:лш ца гуо хьу:н

НА ОЗЕРЕ КЕЗЕНОЙ

КЪОЬЗАНА-ІАМ ТІЕХЬ

[коь:зан Іам тІиэхь]

До озера ехать далеко?	Іам тІе кхачархьама гена ваха везий?	Іам тІе кха:чархьам ге:н вах виэ:зи:
Как долго мы ехали!	Ма деха даьхки вай!	ма де:х даьхки вай
Какие здесь красивые места!	Ма хаза меттигаш ю кхузахь!	ма хаз мет:кш йу кхузахь
Смотрите, водопад!	Хьовсийша, чухчари!	хьовси:ш, чухчри
А это что? Мечеть?	ХІара хІу[и] ю? Маьждиг ду ?	хІар хІу[и] йу маьждг ду
А церковь есть где-нибудь?	Ткъа килс юй цхьаннахьа а?	тІкъа килс йуй цхьан:хьаэ
Конечно есть. В самом центре города есть большая красивая церковь	Дера ю. ГІали[и] юккъехь йоккха хаза килс ю	де:р йу гІа:ли[и] йукъ:иэхь йокх: хаз килс йу
У нас и синагога есть	Тха[и] –м жуьгтий[и] килс а ю	тха[и]м жуькти:[и] килсэ йу

Мы посмотрим?	Хьовсур дуй вай?	хьовсур дуй вай
Ты покажешь нам?	Ахьа гойтур юй тхуна?	ахь гойтур йуй тху:н
Конечно посмотрим!	Дера хьовсур ду	дер хьовсур ду
В горах туман	Лаьмнашкахь дохк ду	лаьмнашкахь дуохк ду
Боже мой, как красиво!	Ва, дела, ма хаза а ду!	ва: де:л ма хазаə ду
Какая чистая вода!	Хи ма цIена а ду!	хы ма цIенаə ду
В озере есть рыба?	Iам чохь чIерий дуй?	Iам чуохь чIе:ри: дуй
Здесь глубоко?	Кхузахь кIорга юй?	ккхузахь кIуорг йуй
Здесь можно купаться?	Кхузахь лийча мегар дуй?	ккхузахь ли:ч мегар дуй
Я иду ловить рыбу, кто идет со мной?	Со чIерий леца воьду, соьца мила вогIу?	суо чIе:ри: лиэ:ц воь:д соь:ц мил во:гI
Где можно пожарить рыбу?	ЧIара мичахь кхарза мегар ду?	чIа:р мичахь кхарз мегар ду
Как хорошо мы отдохнули!	Ма дика садаьIи вай !	ма дик садаьIиʰ вай

МАГАЗИНЫ. ПОКУПКИ

ТУЬКАНАШ. ХIУМНАШ ЭЦАР

Здесь где-нибудь поблизости есть … магазин?	Кхузахь юххехь цхьанххьа а … туька юй?	кхузахь йух:иэхь цхьанхь:аэ … туька йуй?
— хлебный	— бепиг духкуш	бе:пк духкш
— мясной	— жижиг духкуш	жижг духкш
— молочный	— шура юхкуш	шур йухкш
— овощной	— хасстоьмаш духкуш	хас:тоь:мш духкш
— ювелирный	— дашо хIумнаш юхкуш	дашуо:^{н} хIумнш йухкш
— парфюмерный	— парфюмери юхкуш	парфюмери йухкш
— рыбный	— чIара бухкуш	чIа:р бухкш
— цветочный	— зезагаш духкуш	зиэ:згш духкш
— книжный	— киншкаш юхкуш	киншкш йухкш
— продуктовый	— яъхIума юхкуш	йаэхIум йухкш
— мебельный	— мебель юхкуш	мебиль йухкш
Ты не знаешь, где …?	… йолу меттиг мичахь ю ца хаьа хьуна?	йол мет:к мичахь йу ца хаьа хьу:н
— химчистка	ХIумнаш цIанъеш —	хIумнш цIанйиэш
— прачечная	ХIумнаш юьттуш —	хIумнш йуьт:ш
— фототовары	Суртдоккхург юхкуш —	сурт дуохх:ург йухкш
— табачные изделия	Цигаьрканаш юхкуш —	цигаьркнаш йухкш
— подарки	СовгIаташ духкуш —	совгIтш духкш
— одежда	Теюху хIумнаш юхкуш —	тIейу:х хIумнш йухкш
— обувь	Мачаш юхкуш —	ма:чш йухкш
— посуда	ПхьегIаш юхкуш —	пхьиэ:гIш йухкш
Гастроном	Гастроном ю	гастраном йу
Универсам	Универсам ю	унивирсам йу
Рынок	Базар ю	ба:зар йу
Когда открывается магазин?	Туька дIа маца йоьллу?	туьк дIа мац йоьл:
Когда закрывается магазин?	Туька дIа маца къовлу?	туьк дIа мац къовл
Магазин … до которого часа работает?	… туька мас даллалц болх беш ю?	туьк мас дал:лац буолх биэш йу
Это хороший магазин?	И туька дика юй?	и туьк дик йуй
Это дорогой магазин?	И туька еза юй?	и туьк йез йуй
Это большой магазин?	И туька йоккха юй?	и туьк йокх: йуй

Где можно купить…?	… мичахь эца мегар ду?	… мичахь иэ:ц мегар ду
Где находится магазин…?	… юхку туька мичахь ю?	… йухк туьк мичахь йу
Это далеко отсюда?	Кхузара гена юй и?	кхузар ге:н йуй и
Я хочу купить…	Суна … эца лаьа	су:н … иэ:ц лаьэ
Мне нужно купить…	Со … эца дезаш ю	суо … иэ:ц диэ:зш йу
Вам помочь? (ед.ч)	ГIо дей хьуна?	гIуо диэй хьу:н
Что вам показать? (ед.ч)	ХIу^{н} гайта хьуна?	хIу^{н} гайт хьу:н
Покажи, пожалуйста,…	… гайтахьа	… гайтахь
Дай, пожалуйста, посмотреть …	… хьажа лохьа	… хьаж луо:хь
Дай, пожалуйста вот это …	И … лохьа	и … луо:хь
Я еще не выбрала то, что мне нужно.	Сайна оьшург хIинца а ца хаьржина аса	сайн оь:шург хIинцаэ ца хаьржин ас
Есть ли у вас…? (ед.ч)	… юй шу^{н}?	… йуй шу^{н}
Будь добра, скажи, пожалуйста, сколько это стоит?	Хьо дика а яй, кхунах хIу^{н} доьху, алахьа	хьуо дикаэ йай кхунах хIу^{н} доь:х а:лахь
У вас есть другие? (ед.ч)	Кхи^{н}ерш юй шу^{н}?	кхы^{н}йерш йуй шу^{н}
Извините, других больше нет (ед.ч)	Бехк ма билла, кхи^{н} ерш яц	биэхк ма бил: кхы^{н} йерш йац
Я беру это	Аса хIара схьаоьцу	ас хIар схьаоь:ц
Сколько вы хотите? (ед.ч)	Мел еза хьуна?	миэл йиэ:з хьу:н
Какая цена?	ХIу^{н} мах бу?	хIу^{н} мах бу
Напиши, пожалуйста, цену	Мах язбехьа	мах йазбиэ:хь
Это очень дорого	И чIогIа еза ю	и чIогI йез йу
Вы можете снизить цену? (ед.ч)	Мах охьабаккха таро юй хьа^{н}?	мах уохьбакх: таруо: йуй хьа^{н}
Я возьму это, если вы снизите цену(ед.ч)	Ахьа мах охьабаккхахь, аса хIара схьаоьцу	ахь мах уохьбакх:ахь ас хIар схьаоь:ц
Вы принимаете кредитные карточки?	Кредитни кехат схьаоьций аша?	кридитни киэ:хт схьаоь:ци: аш
У вас есть …? (ед.ч)	… юй шу^{н}?	… йуй шу^{н}
Нет ли у вас …? (ед.ч)	… яц шу^{н}?	… йац шу^{н}
Мне нужно …	… оьшу суна	… оь:ш су:н

Какой это размер?	ХIара муьлха размер ю?	хIар муьлх размер йу
Можно ли примерить?	ТIейоьхна хьажа мегий со?	тIейоьхн хьаж меги: суо
Нет ли у вас чего-нибудь… (ед.ч)	…хIумма а яц шу"	…хIум:а ə йац шу"
— подешевле	Йорахо —	йо:рхуо:
— получше	Дико —	дикуо:
— побольше	Йоккхо —	йокх:оу:
— поменьше	Жимо —	жимуо :
— полегче	Ккхул яй" —	ккхул йай"
— посветлее	Сирло —	сирлуо:
— потемнее	ТаьIно —	таьIнуо:
Это не то, что я хочу	Суна езарг яц хIара	су:н йиэ:зарг йац хIар
Нет, это мне не нравится	ХIа"-хIа", хIара суна хаза ца хета	хIа:" хIа" хIар су:н хаз ца хиэ:т
Это мне нравится, я его беру	ХIара суна хазахета, аса	хIар су:н хазхиэ:т ас
Заверни, пожалуйста	схьаоьцу и	схьаоь:ц и
Платить вам или в кассу? (ед.ч)	ДIахьарчаехьа	дIахьарчйиэ:хь
Где касса?	Ахча хьуна дала деза я кассе?	ахч хьу:н дал диэ:з йа кас:иэ:
Дай еще это…	Касса мичахь ю?	кас: мичахь йу
Еще что-нибудь дать?	Кхи" а и … лолахь	ккы" ə и … луо:лахь
Нет, спасибо, больше ничего не нужно	Кхи" хIумма а лой?	ккы" хIум:аə луой
Отправьте все по этому адресу … (ед.ч)	ХIа"-хIа", баркалла, кхи" хIумма а ца оьшу	хIа:"хIа" баркал: ккы" хIум:аə ца оь:ш
Отправьте все это в гостиницу … (ед.ч)	ХIокху адресца … дIяхьийтахьа ерриш а … хьешацIа чу	хIокх адрисц … дIайахьи:тахь йер:ишə … хье:шцIа чу
	дIаяхьийтахьа хIорш ерриш а	дIайахьи:тахь хIорш йер:иш ə
Я не понимаю	Со ца кхета	суо ца ккиэ:т
Я плохо понимаю	Со во" кхета	суо вуо:" кхиэ:т
Говори медленнее, пожалуйста	Меллаша алахьа	мел:аш а:лахь
Будь добра, дай мне, пожалуйста, чек	Хьо дика а яй, чек лохьа	хьуо дикаə йай чек
Я хочу это вернуть	су:на (ж)	луо:хь су:н
	ХIара юхаяла лаьа суна	хIар йухйал лаьə су:н

ПРОДОВОЛЬСТВЕННЫЙ МАГАЗИН	ЯЪХIУМА ЮХКУ ТУЬКА	[йаəхIум йухк туьк]
Дай, пожалуйста, …	… лохьа	луо:хь
— пачку кофе	Цхьа пачка къахьо —	цхьа пачк къахьуо:
— этот кусочек сыра	И нехча —	и ниэхч
Взвесь, пожалуйста,…	… озахьа	… уо:захь
— полкилограмма колбасы	Ах кийла йоьхь —	ах ки:л йоьхь
— килограмма два-три говядины	Ши-кхо кийла бежан жижиг —	ши кхуо ки:л бежан жижг
Подай, пожалуйста, …	… схьакховдадехьа.	… схьакховд:иэ:хь
— буханку черного хлеба	Цхьа булка Iаьржа бепиг —	цхьа булк Iаьрж бе:пк
— два батона	Ши батон —	ши батуон
— одну лепешку	Цхьа хьокхам —	цхьа хьо:кхам
Десяток яиц, пожалуйста	Итт хIоа лохьа.	ит хIоə луо:хь
У вас есть … баранки?	… чIургаш дуй шу"?	… чIургш дуй шу"
— крупные	Дакккхий —	дакх:и:
— мелкие	Кегий —	кеги:
— сладкие	Мерза —	мерз
— не сладкие	Мерза доцу —	мерз до:ц
— свежие	Керла —	керл
— продолговатые	Деха —	де:х
Они свежие?	Керла дуй хIорш?	керл дуй хIорш
Пожалуйста, пакет молока и две сметаны по 250 гр.	Цхьа шурий, ши бIе ах бIе грам йолу ши тIой.	цхьа шури: ши бIэ: ах бIэ:грам йол ши тIуо:й
Дайте еще, пожалуйста, пачку творога жирного (не жирного) и три сладких творожка (ед.ч.)	Кхи" а цхьа пачка хьена (хьена йоцу) кIалд а, кхо мерза кIалд а лохьа	ккы"ə цхьа пачк хье:н (хье:н йо:ц) кIалдə ккуо мерз кIалдə луо:хь
Виноградный и апельсиновый сок	Кемсий " а, апельсиний " а мутт	кемси:"ə апилсини:"ə мут
Взвесьте, пожалуйста,…	… озахьа	… уо:захь
— килограмм яблок	Цхьа кийла Iежаш —	цхьа ки:л Iе:жш

— полкилограмма груш	Ах кийла кхораш —	ах ки:л кхуо:рш
— одну кисть винограда	Цхьа кемсий[н] хорха —	цхьа кемси:[н] хуорх
— три айвы	Кхо хьайба —	кхуо хьайб
У вас есть клубника?	ЦIазамаш дуй шу[н]?	цIа:змаш дуй шу[н]
4 кг картошки, пожалуйста	Йиъ кийла картолаш.	йиэ ки:л картуо:лш
Будь добра, дай мне, пожалуйста, бутылку … масла	Хьо дика а яй, суна цхьа шиша … даьтта лохьа	хьуо дикаэ йай су:н цхьа шиш … даьт: луо:хь
— оливкового	— зайтаний[н]	зайтни:[н]
— кукурузного	— хьаьжкIий[н]	хьаьчIкIи:[н]
Этот мед этого года?	И моз кхушара даькхина дуй?	и муоз кхушар даькх:ин дуй
Дай мне, пожалуйста, три банки	Кхо банка лохьа	кхуо банк луо:хь

СЛОВА К ТЕМЕ	*ОЬШУ ДЕШНАШ*	*[оь:ш дешнаш]*
Мясо-птица	**Жижиг**	**[жижг]**
говядина	бежан-жижиг	бежанжижг
конина	говр-жижиг	говржижг
баранина	уьстагI-жижиг	уьстагIжижг
телятина	шинари[н] -жижиг	шинари[н]жижг
колбасы	йоьхьаш	йоь:хьш
печень	доIах ду	доIх ду
сердце	дог ду	дуог ду
мякоть	семса жижиг	семсжижг
фарш	Iаьхьина жижиг	Iаьхьинжижг
голова-ноги	кортий-когаш	куорти:куо:гш
курица	котам ю	куо:там
утка	бад ю	бад йу
гусь	гIаз ю	гIаз йу
индюк	москал ю	муоскал йу
цыпленок	кIорни ду	кIуорни ду
крылышки	тIемаш ду	тIе:мш ду
грудки	накхош (кIай[н] жижиг)	на:кхуош (кIай[н] жижг)

окорочка	гIогIаш ду	гIуо:гIш ду
сердечки	дегнаш ду	дегнаш ду
желудочки	потакаш ду	пуо:ткш ду
внутренности	чо-ко ю	чуо:куо:йу
Рыба	**ЧIара**	**[чIа:р]**
… рыба	… чIара бу	… чIа:р бу
Свежая —	TIеда —	тIе:д
Жареная —	Кхерзина —	кхерзин
Красная —	ЦIе[н] —	цIиэ:[н]
Сушеная —	Бакъийна —	бакъи:н
… икра	… Iов ю	… Iов йу
Черная —	Iаьржа —	Iаьрж
Красная —	ЦIе[н] —	цIиэ:[н]
Свежая —	Керла (TIеда) —	керл (тIе:д)
Молоко–сыр–масло	**Шура–нехча–налха**	**[шур ниэхч налх]**
… молоко	… шура ю	... шур йу
Свежее —	Керла —	керл
Кипяченое —	ЦIиййина —	цIи:йин
Холодное —	Шийла —	ши:л
Горячее —	Йовха —	йовх
Простокваша —	Етта —	йет:
… сыр	… нехча ю	… ниэхч йу
Соленый —	Дуьра —	дуьр
Не соленый —	Теза —	тез
Малосоленый —	Жимма дуьра —	жим: дуьр
Овечий —	Жан —	жан
… творог	… кIалд ю	… кIалд йу
Свежий —	Керла —	керл
Сегодняшний —	Тахана яьккхина —	тахан йаькх:ин
Пропитавшийся рассолом —	Берамах йоьлла —	биэ:рмах йоьл:
Твердый —	ЧIогIа —	чIо:гI
Соленый —	Дуьра —	дуьр

Хороший (вкус) —	Дика чам болуш —	дик чам болш
Попробуй на вкус!	Чам баккхал!	чам бакх:ал
… сметана	… тІо бу	… тІуо: бу
Густая —	Буькъа —	буькъ
Жидкая —	Коча —	ко:ч
Жирная —	Хьена —	хье:н
Сегодняшняя —	Тахана баькхина —	тахан баькх:ин
Сливочное масло	Налха бу	налх бу
Растительное масло	Даьтта ду	даьт: ду
Крупы	**Ялта**	**[йалт]**
Пшено	Іов ю	Іов йу
Овес	Сула ду	сул ду
Ячмень	Мукх бу	мукх бу
Просо	Борц бу	буорц бу
Пшеница	КІа ду	кІа ду
Кукуруза (зерно)	Хьаъъш ю	хьаьэш йу
Рис	Дуга ду	дуг ду
Лен	Воьта ду	воь:т ду
Мука (пшеничная)	Дама ду	дам ду
Мука (кукурузная)	Ахьар ду	ахьар ду
Хлеб	**Бепиг (кхаллар)**	**[бе:пк (кхал:ар)]**
… хлеб	… бепиг ду	… бе:пк ду
Белый —	КІай[н] —	кІай[н]
Черный —	Іаьржа —	Іаьрж
Мягкий —	КІеда —	кІе:д
Твердый —	ЧІогІа —	чІо:гІ
Черствый —	Шира —	шир
Вчерашний —	Селханлера —	сиэлханле:р
Бублики, баранки	ЧІургаш ду	чІургш ду
Батон	Батон ю	батуон йу
Сухари	Сухарш ю	сухарш йу
Половинка	Ах ю	ах йу
Ломтик, ломоть	Цастар ду	цастар ду

УНИВЕРМАГ	**УНИВЕРМАГ**	**[унивирмаг]**
Одежда	**Бедарш. ТІеюху хІумнаш**	**[бедарш тІейу:х хІумнш]**
… одежда	… бедарш ю	… бедарш йу
Женская —	Зударий[н] —	зудри:[н]
Мужская —	Божарий[н] —	буо:жри:[н]
Детская —	Берий[н] —	бе:ри:[н]
Костюм	Костюм ю	кастуом йу
Брюки (трусы)	Хеча ю	хеч йу
Джинсы	Джинсаш ю	жинсш йу
… куртка	… куртка ю	… куртк йу
Кожаная —	ТІаьрсига[н] —	тІаьрск
Утепленная—	Йовха —	йовх
Тонкая —	Юткъа —	йутІкъ
С большим воротником —	Боккха кач болуш —	бокх: кач болш
С маленьким воротником —	Жима кач болуш —	жим кач болш
С накладными карманами —	ТІедеххина кисанаш долуш —	тІедехкин киснаш долш
Без карманов —	Кисанаш доцуш —	киснаш до:цш
Большая —	Йоккха —	йокх:
Маленькая —	Жима —	жим
Рубашка …	… коч ю	… куоч йу
— с короткими рукавами	Доца пхьуйш долуш —	до:ц пхьуь:ш долш
— с длинными рукавами	Деха пхьуйш долуш —	де:х пхьуь:ш долш
— с круглым воротником	Горга кач болуш —	гуорг кач болш
— без воротника	Кач боцуш —	кач бо:цш
… платье	… коч ю	… куоч йу
Широкое —	Шуьйра —	шуь:р
Узкое —	Готта —	гот:
Длинное —	Еха —	йе:х

Короткое —	Йоца —	йо:ц
Спортивный костюм	Спортивни коч-хеча ю	спартивни куоч хеч йу
Юбка	Юбка ю	йупк йу
Чулки (носки)	Пазаташ ю	па:стш йу
Безрукавка	Пхьуьйшдоцург ю	пхьуь:шдо:цург йу
Пальто	Пальто ю	палтуо: йу
Шарф	Логахъхьарчорг ю	логх хьарчуо:рг йу
Свитер	ТIергIа" коч ю	тIергI куоч йу
Нижнее белье	Чухулаюху хIумнаш	чухулйу:х хIумнш
… шапка	… куй бу	… куй бу
Мохнатая —	Месала —	месал
Войлочная —	БIегIага" —	бIиэ:гIаг
Каракулевая —	Холхаза" —	хуолхаз
Шерстяная —	ТIергIа" —	тIергI
Пиджак	Пиджак ю	пинжак йу
Халат	Халат ю	халат йу
Перчатки	Каранаш ду	ка:рнш ду
Дубленка (тулуп)	Кетар ю	кетар йу
… платок	… йовлакх ду	… йовлкх ду
Носовой —	Мерах хьокху —	мерх хьокх
Шейный —	Логах доьхку —	логх доьхк
На голову —	Коьрта туьллу —	коьрт туьл:
Шаль	Бой ю (кортали ду)	буой йу (куортли ду)
Платок, полностью закрывающий волосы	Чухта ю	чухт йу

Национальная одежда	**Къома" духар**	**[къо:м ду:хар]**
Черкеска	Чоа ду	чуоэ ду
Бешмет	ГIовтал ю	гIовтал йу
Бурка	Верта ду	верт ду
Башлык	Башлакх ю	башлкх йу
Женский национальный костюм	ГIабали йу	гIа:бли йу
Нагрудник	Туьйдаргаш ду	туь:даргш ду
Женский пояс	Доьхка ду	доьхк ду
Мужской пояс	Меттанаш долу доьхка	мет:наш дол доьхк

Мужская рубашка с пуговицами из тесьмы	Ветнаш долу коч ю	ветнаш дол куоч йу
Мужские мягкие сапоги	Маьхьсеш ю	маьхьсиэш йу
Кинжал	Шаьлта ю	шаьлт йу
Газыри	Бустамаш ду	бустмаш ду
Сабля	Тур ду	тур ду
Это можно примерить?	ХIара тIейоха мегар дуй?	хIар тIейуо:х мегар дуй
Эта юбка слишком …	ХIара юбка сов … ю	хIар йупк сов … йу
— длинная	— еха	йе:х
— короткая	— йоца	йо:ц
— широкая	— шуьйра	шуь:р
— узкая	— готта	гот:
— большая	— йоккха	йокх:
— маленькая	— жима	жим
Ткань	КIади ду	кIа:ди ду
Это чисто … ткань	ХIара цIена … кIади ду	хIар цIен … кIа:ди ду
— шерстяная	— тIергIа"	тIергI
— хлопчатобумажная	— бамби"	бамби"
— шелковая	— чиллан	чил:ан
Мне не нравится этот цвет	Суна и бос хаза ца хета	су:н и буос хаз ца хиэ:т
